



# BFAM

KIRUNDI


[www.iBFAM.org](http://www.iBFAM.org)

TWAME IMBUTO TURWIRE



**GUTAHURA AMABANGA ANYEGEJWE MURI BIBILIYA**

TANGURA KUBA MU BUZIMA BWUZUYE IMANA IKUGOMBAKO



## INTEGURO NFASHANYIGISHO ZIZOHISHURA

*AMABANGA ANYEGEJWE MU KWIGA BIBILIYA*

"Ivyo vyose Yesu yabibwiye ishengero mu migani, ntaco yababwiye atababwiye umugani. Nico catumye ivyo umuntu yavugishwa n'Imana yavuze biboneka, ngo Nzoteranura akanwa kanje, nce imigani, nzovuga ivyahihijwe uhereye ku kurwmwa kw'isi." ( Mat. 13:34-35)

# TWAME IMBUTO TUGWIRE

Urutonde rw'ivyigwa vyo guhindura abandi abigishwa.

Vyashizwe ahagaragara na:



Every Home for Christ International 640 Chapel Hills Dr., Colorado Springs, CO 80920  
USA (719)-260-8888 BFAM@ehc.org www.iBFAM.org

© Vyanditswe na Every Home for Christ mu 2012

Abatumye izi nyigisho zitegurwa kandi zikarungikwa hirya no hino :

- Uruhusha rwatanzwe n'umwanditsi- Every Home for Christ International.
- Every Home for Christ International niyo yemeza aho izi nyigisho zikwiye kuja n'ingene zikoreshwa.
- Izi nyigisho ntizikwiye kugurishwa amafaranga arenze ayakoreshejwe mu kuzitegura.

Kugira ngo habe insobanuro n'insiguro yumvikana bitegekanijwe ko:

- Insobanuro zikwiye ku rongorwa na (Inzu Yose Ibe Iya Kristo) Every Home for Christ kw'isi yose.
- Harafashwe ingingo ko Every Home For Christ ariyo yateguye ikongera ikandika izi nyigisho.
- Urutonde rwo gufasha kumenyera izi nyigisho rwemejwe na Every Home For Christ.
- Kugira ngo iki gitabo giherahezwe congere gitangwe kugira ngo gikoreshwe,vyategekanijwe na EHC.

“Twame imbuto tugwire”, ni inyigisho zishimikiye ku guhindura abantu abigishwa mu kubafasha gutahura intumbero nyakuri y'ivyigwa. Niba utigishijwe ingene ushobora gukoresha aka gatabo “ba uwugwira mu kwama imbuto” canke utigishijwe igitabo kirongora umwigisha wa “Ba Uwugwira Mukwama Imbuto”, vyoba vyiza urondeye Every home for Christ kugira ngo igutegurire inyigisho.

Imirongo yose yakoreshejwe muri izi nyigisho, yavuye muri BIBILIYA YERA.

Vyatanzwe na Every Home for Christ International

## Urutonde gw'ivyigwa "Twame imbuto tugwire" (BFAM)

### IGITABU C'UMWIGISHA

<b>Intangamarara ya twame imbuto tugwire.....</b>	<b>4</b>
<b>Intangamarara z'ivyigwa.....</b>	<b>5</b>
Menya inkuru.....	6
Tahura inkuru.....	7
Kuramwo ukuri.....	8
<b>Ivyo izi nyigisho zisangije.....</b>	<b>10</b>
<b>Uko izi nyigisho zisobanuwe.....</b>	<b>12</b>
<b>Ivyigwa vyo kwimenyereza.....</b>	<b>14</b>
<b>Kurongora imigwi yo guhindura abandi abigishwa.....</b>	<b>17</b>
<b>Ibigabane bikuru bikuru.....</b>	<b>18</b>
<b>Ingene tugwire twame imbuto yatanguye.....</b>	<b>19</b>

### IBIGABANE BIKURU BIKURU.

<b>Ikigabane ca 1: IBUYE RY'IMFURUKA.....</b>	<b>20</b>
Imigenderanire yo kwiyuzuzza	
<b>Ikigabane ca 2: URUFATIRO/UMUSHINGE.....</b>	<b>38</b>
Kuba muri Kristo	
<b>Ikigabane ca3: IBIHOME /IMBAMBAZI.....</b>	<b>47</b>
Ubugingo bwuzuye	
<b>Ikigabane ca 4: IGISENGE.....</b>	<b>55</b>
Ukuri nyakwo	

# *Intangamarara ya*

## TWAME IMBUTO TUGWIRE(BFAM)

Twame imbuto tugwire, ni ubuhinga bwo guhindura abandi abigishwa, bushimikiye gufasha abakiristo gutahura imigenderanire idasazwe bafitaniye n'Imana. Kuba uwugwira mu kwama imbuto, vyerekana kandi ubuzima bwuzuye, abizera bashobora kugira muri Kristo.

Abantu barakeneye kugiriranira ubumwe hagati yabo, ariko ikiruta vyose, ni imigenderanire hagati yabo n'Imana. Kubw'icaha, imigenderanire hagati y'abantu ubwabo no hagati y'abantu n'Imana yarononekaye. Ivyo vyatumye haba ukutumvikana hagati y'umuntu n'uwundi, hagati y'umuntu n'ivyaremwe no hagati y'umuntu n'Imana. Nico gituma mw'isi hama: indwano, inzara, ubukozi bw'ikibi, akarenganyo, imibano mibi... Kudatahura uko twova muri ako kaga, ngo twongere tugiriranire imigenderanire, bituma tubaho ubuzima budafise ivyizigiro.

Ubutumwa bwiza, butubwira uko Imana yongeye gushiraho inzira yo kudufasha kuva mu caha no kwongera kugiriranira imigenderanire na yo. Iyi ni yo ntumbero nya mukuru muri iki cigisho "twame imbuto tugwire". , twame imbuto tugwire ni inyigisho zifasha abantu gusoma no gutahura Ijambo ry'Imana .

Muri Bibiliya, Imana yashizeho isezerano kuri abobose baronderana umwete kumenya ukuri: "Musabe, muzohabwa; murondere, muzoronka; muramutse, muzokwugururirwa. Kuk'usaba wese ahabwa; urondera araronka; uramutsa yugururirwa". ( Mat 7:7-8) "Twame imbuto tugwire" yigisha abantu: gusaba, kurondera no kuramutsa. Ibi bifasha abantu gusoma Bibiliya kugira ngo batahure ukuri. None "ukuri" ni iki? Ukuri ni ingene Imana yaduhariye ivyaha vyacu kugira ngo twongere kwunga imigenderanire nayo. Kuri abo bese bari baravuye mu kuri kw'ijambo ry'Imana, bakaba bariko bararonderana umwete kumenya ukuri, basezeranirwa kwongera kwuzura n'Imana. Mu gihe abantu biyunze n'Imana, babaho ubuzima bunesheje.

" Twame imbuto tugwire," ni intambwe yambere mu kwongera kugiriranira imigenderanire n'Imana, tukamenya ko Imana yaturemye ngo tugende turama imbuto. Twahamagariwe kubaho ubuzima bwama imbuto, haba mu buryo bw'umubiri canke bw'impwemu.(Ita 1:28; Mat. 28:18-20).Ubuzima bwama imbuto, butuma haba ukugwira mu buryo bw'impwemu. Ibi bisa no kurera abana bacu neza kugira ngo bakure mu buryo bw'umubiri. Nk'abigishwa ba Yesu, dutegerezwa kurera neza abana bacu ngo bakure mu vy'impwemu. Akarorero, umuntu ku giti ciwe canke imigwi y'abigishwa bamaze gukura mu vy'impwemu, bazigisha, barongore, batunganye abandi nkuko ukuri n'ubushobozi bw'ijambo ry'Imana bivuga. Ishimikiro n'ihangiro rya"Twame imbuto tugwire"(BFAM) ni uguteza imbere ubuzima bukura kandi bwama imbuto, kuko ubuzima bwama imbuto, buzoshika ku kugwira mu buryo bw'Impwemu.

# *Intangamarara z'Ivyigwa.*

Icigwa cose ca “twame imbuto tugwire” ni inyigisho zishimikiye ku nkuru ya Bibiliya. Yesu yigishiriza mu migani kugira ngo avuge ivyari bihishijwe uherye ku kuremwa kw'isi. (Mat 13:34-35) Imana yanyegeje ibitangaza muri Bibiliya, kugira ngo tubiserangure, tubishire ahabona.

Ivyigwa “Twame imbuto tugwite” hamwe n'ubuhinga bwo kuvyigisha, bigufasha gushira ahabona ibinyegejwe, bikaguha uburyo bwo gushira mu ngiro ukuri kuri murivyo mu buzima bwawe bwa misi yose. Uko ushira mu ngiro ukuri kwo muri Bibiliya, bizokurongora kugira imigenderanire myiza n'Imana, kandi biguhe ubugingo bwuzuye urukundo, amahoro n'umunezero.

Twategekanije umugani wo muri Bibiliya, mu gusobanura ubuhinga dukoresha mu kwigisha “twame imbuto tugwire” kugira ngo twerekane inkuru zo muri bibiliya ico zivuga. Uhejeje gusoma intangamarara n'inkuru ya Bibiliya, bizogufasha gutahura ibigabane bigizwe n'ibibazo icenda, mu gushira ahabona ukuri guhambaye kwinyegejemwo. Imbere yuko utangura, fata mwanya wo gusaba Imana kugira ngo igutahuze kumenya ukuri guhishijwemwo.

## **Intangamarara y'igisomwa**

Abigishwa bamenye ko Yesu afitaniye imigenderanire n'Imana. Baratahuye kandi ko yafata umwanya wo kwiherera asenga Imana. Kandi ko, yari umunyabwenge kurusha abantu bese, kandi yari afise ubushobozi bwo gokora ibitangaza kubera imigenderanire yari afitaniye n'Imana. Umusi umwe, abigishwa biwe, bamusavye ng'abigishye gusenga. Mu kubishura, yabahaye isengesho ryoroshe ribereka uko bakwiye gusenga. Mu gusozera isengesho Yesu yabaciriye umugani.

*“Arababwira, ati Ni nde muri mwebwe afise incuti yoja iwe mu gicugu, akayibwira, ati Ncuti yanje, ngurana udutsima dutanu, kuko haje incuti yanje ivuye kurugendo, nanje ntagira ico ndayizimana: uwo mu nzu yomwishura, ati Sigaho kungora, namaze kwugara, kandi turi kumwe n'abana banje ku buriri, sinshoye kuvyuka ngo ndayiguhe. Nndababwire: nah'atovyurwa n'ukw'ar'incuti yiwe ng'ayimuhe, ariko kukw'atagize isoni zo kumuhambira, aravyuka, akamuha ivyo agomba vyose. Nanje ndababwire: musabe muzohabwa; murondere muzoronka, muramutse muzokwugururirwa. Kuk'usaba wese ahabwa; urondera aronka; uramutsa yugururirwa. Kandi ni nde muri mwebwe w'umuvyeyi, umwana wiwe yomusaba umutsima, akamuha ibuye; canke yomusaba ifi, akamuha inzoka; canke yomusaba irigi, akamuha sikorupiyo? None mwebwe, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?( Luk 11:5-13).*

Ko wamaze gusoma iyi nkuru, tugomba tukwereke intambuko zitatu zizogufasha gutahura Bibiliya. Intambuko imwe- imwe yose igizwe n'ibibazo bitatu. Vyose hamwe ni ibibazo icenda. Intambuko ya mbere Igufasha **KUMENYA** inkuru. Intambuko ya kabiri igufasha **GUTAHURA** inkuru. Intambuko ya gatatu igufasha **KUBONA** ukuri kunyegejwe mu nkuru. ukwiye gufata umwanya ukwiye wo gusengera intambwe imwe- imwe yose.

## INTAMBUKO YA MBERE: Kumenya inkuru - SABA

Imbere yuko ubona ibihishijwe mu nkuru ya Bibiliya canke mu mugani, ubwambere, utegerezwa kumenya iyo nkuru. Inkuru iyo ariyo yose, ifise ibiyiranga bitatu. Ivyo bitariho, inkuru ntiba ikwiye. Ivyo bintu bitatu biranga inkuru ni ibi:

1. Ni bande bavugwa muri iyo nkuru?
2. Ni ibihe bintu bakoze?
3. Ibindi bintu bivugwa muri iyo nkuru ni ibihe?

Niba ushobora kwerekana abavugwa n'ibikorwa vyabo mu gisomwa, hamwe n'ibindi bintu bivugwa, niho uca umenya inkuru iyo ari yo. Tugiye kwerekana abavugwa mu nkuru n'ibikorwa vyabo, n'ibindi bintu bivugwa munkuru twamaze gusoma. Fata ikaramu ukore ibi bikurikira:

- Ca uturongo tubiri musu y'uvugwa wese . uwuvugwa ni umuntu. Umaze kumenya uwuvugwa, si nkenerwa ko uguma uca uturongo aho hose avugwa muri iyo nkuru.
- Ca umurongo umwe musu y'irivuga ryerekana igikorwa. Irivuga ryerekana igikorwa canke ivyabaye.
- Ca umurongo wigonyonzoye musu y'ibindi bintu bifise ico bisigura, vyavuzwe mu nkuru.

Dukurikije ako karorero tubona aho hepfo, bituma dutahura ivyo duhejeje kwiga aho haruguru vyerekeye uturongo tubiri, akarongo kamwe hamwe n'umurongo wigonyonzoye.

*“Arababwira, ati Ni nde muri mwebwe afise incuti yoja iwe mu gicugu, akayibwira, ati Ncuti yanje, ngurana udutsima dutanu, kuko haje incuti yanje ivuye kurugendo, nanje ntigira ico ndayizimana: uwo mu nzu yomwishura, ati Sigaho kungora, namaze kwugara, kandi turi kumwe n'abana banje ku buriri, sinshoye kuvyuka ngo ndayiguhe. Nndababwire: nah'atovyurwa n'ukw'ar'incuti yiwe ngw'ayimuhe, ariko kukw'atagize isoni zo kumuhambira, aravyuka, akamuha ivyo agomba vyose. Nanje ndababwire: musabe muzohabwa; murondere muzoronka, muramutse muzokwugururirwa. Kuk'usaba wese ahabwa; urondera aronka; uramutse yugururirwa. Kandi ni nde muri mwebwe w'umuvyeyi, umwana wiwe yomusaba umutsima, akamuha ibuye; canke yomusaba ifi, akamuha inzoka; canke yomusaba irigi, akamuha sikorupiyo? None mwebwe, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw'ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?( Luk 11:5-13).*

Raba neza ko werekanye abantu 9 bavugwa mu nkuru. urutonde rw'abantu bavugwa muri iyi nkuru ni uru rukurikira:

1. Yesu
2. Mwebwe
3. Incuti yawe yambere wosaba umukate
4. Incuti yawe ya kabiri mu rugendo
5. Uwo wese asaba ,arondera kandi aramutse
6. Abana baryamyeye
7. Umuhungu wawe
8. So wo mw'ijuru
9. Mpwemu Yera

Ubu muramenye inkuru kuko mwerekanye abavugwa, ibikorwa vyabo, n'ibindi bivugwa. Fata iminuta mikeya urabeko ushobora gusubiramwo iyo nkuru uyivuga canke uyiyumvira mu bwenge, utariko urayisoma. Uzoca ubona ningoga ko inkuru uyitahura atangorane.

## INTAMBUKO YA 2: Gutahura inkuru - RONDERA

Ubu rero wamaze **KUMENYA** inkuru, ugira urondere **GUTAHURA** agaciro n’insobanuro vyayo. Inzira nziza yo gutahura insobanura y’inkuru, ni ugushimikira kwitandukanira ry’uvugwa mu nkuru uwo ari we wese. Muri iyi ntambuko, tugerageza kwerekana ibiranga umuntu wese, kuva hasi gushika hejuru. Mukubikora turabaza ibindi bibazo bitatu. Ibi bibazo bitatu bikurikira, vyerekeye uwuvugwa na vyo ni ibi:

4. Ni ibihe **Bigumbagumba** ku wuvugwa uwo ariwe wese yacyiyemwo?
5. Ni ukuhe **Guhitamwo** kw’umuntu uwo ari we wese?
6. Ni izihe **Gtumbero** ziri inyuma yo guhitamwo kw’umuntu uwo ari we wese?

Akarorero, igihe wize uherye ku ntango abavugwa ubwakabiri muri iyi nkuru twarenganye aho hejuru, aribo Mwebwe, ni ibihe **bigumbagumba** mwokwumva mu giye kwuguruza ku mugenzi mu gicugu, mu musaba umutsima? Wogenda ufise ingoga? Wogenda ufise ubwoba? Ni ibihe bigumbagumba wokwiyumvamwo?

Umaze kwiga ibgumbagumba bishoboka vy’abavugwa mu nkuru, ca uraba rero **uguhitamwo** boba baragize. Gereranya isano ry’abavugwa mu nkuru “Mwebwe”, ni ukuhe kundi **guhitamwo** boba baragize iruhande yo kugenda ku ncuti mu gicugu gusaba umutsima? Mwoba mwararindiriye gushika mu gitondo musaba umutsima? Wari kubwira umugenzi ko wafashe urugendo ata mfungurwa ufise zo kumuha? Dufise uguhitamwo gutandukanye mubidushikira mu buzima. Turakwiye kwiga neza uko duhitamwo dufatiye ku guhitamwo kw’abavugwa mu nkuru.

Nkuwamaze kwiga uguhitamwo gutandukanye kw’abavugwa mu nkuru, gerageza kurondera gutahura **impamvu** umuntu wese avugwa mu nkuru yahisemwo gurtyo. Gereranya ibigumbagumba vy’abavugwa mu nkuru “Mwebwe,” niba wari wuzuye ubwoba bwogushikira umubanyi wawe mu gicugu, wokwikuramwo ubwo bwoba ukaramutsa, mbega ni iyihe **mpamvu** yatumye unesha ubwoba ugahitamwo kuramutsa ku rugi? Mbega rwari urukundo n’impuhwe ufitiye umugenzi wawe? Wategerezwa kubikora gurtyo kuko arivyo wari witeze? Ni iyihe **mpamvu** yatumye haba uguhitamwo nk’ukwo?

Baza ibibazo bijanye n’ibigumbagumba, uguhitamwo n’ibituma vyotuma **UMENYA** gusumba ivyo umaze **GUTAHURA** mu nkuru. Ivyo vyoguha umwete wogutahura akamaro k’inkuru. Ivyo bibazo uko ari bitatu, bitegerezwa kubazwa umuntu wese avugwa mu nkuru. Akarorero, ni ibihe **bigumbagumba** umubanyi wawe yagize ugiye kumusaba umukate mu gicugu? Mbega yoba yahisemwo kuguha umutsima canke yarawukwimye? Rondera rero ibintu bishoboka **vyotuma** umubanyi wawe aguha ico wasavye.

Nkuko wagerageje gusuma neza ibiraba uwuvugwa wese mu nkuru mu kubaza ibibazo bitatu bijanye n’ibigumbagumba, uguhitamwo n’ibituma, ivyo bzotuma utahura neza inkuru ko ari iyo ukuri. Ibindi bihe, twumvise inkuru, ni ibisanzwe ko duca twibaza ku bigumbagumba, ku guhitamwo n’ibituma kw’abavugwa munkuru tutarinze kuja kure. Insobanuro y’ukuri y’igisomwa, iboneka muri ibi bibazo bitatu. Nivyo bidufasha kurondera no **GUTAHURA** neza ukuri kw’inkuru twasomye



## INTAMBUKO YA 3: Kubona Ukuri - Kuramutsa

Ubu tuvuye ku ntambwe ya 1 ni ya 2 zijanye no **KUMENYA** hamwe no **GUTAHURA** inkuru, ubu naho tugeze ku ntambuko ya gatatu ijanye no **KUBONA** ivy'ukuri ibihishijwe mu nkuru. Mwibuke, dufatiye ku mugani Yesu yavuze ati "NIMWASABA muzohabwa, NIMWARONDERA muzoronka kandi ni MWARAMUTSA muzokwugururirwa". Mu ntambuko ya 1 TWABAJIJE ibibazo bitatu vyadufashije kumenya inkuru. Muntambuko ya 2 twagerageje KURONDERA gutahura ibijanye n'uwuvugwa mu nkuru uwo ari we wese. Mu ntambuko ya 3, tugomba ku KURAMUTSA ku rigi rw'Imana ngo itwugururire kandi iduhishurire amabanga ari mu nkuru twasomye.

Yesu yatwigishije ko ivyanditswe vyose bipoperanirijwe mu mabwirizwa abiri. Ibwirizwa rya mbere ni ugukunda Imana n'umutima wacu wose, n'ubugingo bwacu bwose, n'ubwenge bwacu bwose, n'inkomezi zacu zose. Irya kabiri ni ugukunda bagenzi bacu nkuko twikunda. Ivyo bisigura y'uko inkuru yose yo muri Bibiliya ishobora kwigisha ukuri n'ibikorwa bishobora kuturongora neza uko dushobora gukunda Imana n'umutima wacu wose, n'ubugingo bwacu bwose, n'ubwenge bwacu bwose, n'inkomezi zacu zose no gukunda bagenzi bacu nkuko twikunda.

Iyi ntambuko ya 3 igizwe n'ibindi bibazobitatu bizodufasha guhishura amabanga aboneka mu nkuru ya Bibiliya. Ni ibibazo vyoroshe ariko kandi bidusaba kwiyumvira cane.

7. Ni ibihe vyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri tubona muri iki gisomwa?
8. Iyi nkuru inyisha iki kuyerekeye gukunda Imana n'umutima wanje wose, n'ubugingo bwanje bwose, n'ubwenge bwanje bwose, n'inkomezi zanje zose?
9. Iyi nkuru inyigisha iki kuyerekeye gukunda abandi?

### Kwihweza Ikibazo 1:

Nkuko wamaze gusuma inkuru, ni bihe vyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri vya Bibiliya? Ni ivyo ukuri ko Imana igomga ko dusaba, turondera kandi tukaramutsa? Mbega ibi ni ibikorwa vy'ukuri vya Bibiliya? Ikindi kintu wakuye mu gisomwa ni ikihe kitwigisha ivyerekeye vyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri? Fata akanya wandike urutonde rwavyo:

---

---

---

### Kwihweza ikibazo ca 2:

Ubwa mbere wamaze kwerekana ivyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri vya Bibiliya, ikibazo ca kabiri kirabaza kiti: "Ivyo nsomye binyigisha iki ku Mana kuyerekeye kuyikunda n'umutima wanje wose, n'ubugingo bwanje bwose, n'ubwenge bwanje bwose, n'inkomezi zanje zose?" Nkuko wasuzumye iyi nkuru, iratwi koko yukw'Imana nka data mwiza? Ikindi kintu iyi nkuru itwigisha kuyerekeye Imana, kizodufasha kurushaho kuyikunda ni ikihe?

---

---

---



### **Kwihweza ikibazo ca 3:**

Ikibazo ca nyuma kirabaza kiti, “Nofata gute abandi?” ukurikije uko wabonye inkuru, wiga iki kuri wewe ubwawe? Kandi wiga iki ku vyerekeye uko utegerezwa gufata abandi? Yesu yigishije gukunda abandi nkuko twikunda

---

---

---

### **Incamake**

Niba woshira mu ngiro ibi bibazo 9 ku nkuru yose ya Bibiliya, bizogufasha kumenya inkuru, kuyitahura no kubona amabanga anyegejwe muri yo. Uru rutonde rukurikira ni incamake y'ibibazo 9.

### **KUMENYA INKURU**

1. Abavugwa;
2. Ibikorwa;
3. Ibindi.

### **GUTAHURA INKURU**

4. Ibigumbagumba;
5. Guhitamwo;

### **KUMENYA UKURI**

7. Ivyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri;
8. Gukunda Imana;
9. Gukunda abandi.

# ICO TWAME IMBUTO TUGWIRE YISANGIJE

Nk'uwamaze gutahura inyigisho za twame imbuto tugwire n'ubuhinga bwo kuzigisha, andika ivyo zisangiye muri programa yazo tudasanga muzindi nyigisho za Bibiliya. Ibi bintu bine bikurikira, bitandukanya inyigisho za "twame imbuto tugwire" n'izindi nyigisho za Bibiliya bigatuma turonka umwimbu mwinshi.

## 1. TWAME IMBUTO TUGWIRE NI INKURU YA BIBILIYA ISHIMIKIYE KU NTEGURO

Icigwa cose ca twame imbuto tugwire gishimikira ku nkuru ya Bibiliya. Izi nyigisho ntizishimikiye gusa kuvyanditswe, ariko zishimikira kugutahura migani n'inkuru za bibiliya muri iki gihe. Igihe yesu yaza kw'isi akabana n'abantu, yigishije abaigishwa biwe akoresheje inkuru n'imigani. Ni naco gituma mu butumwa bwiza uko bwanditswe na Matayo hatubwira igituma Yesu yakoresha imigani.

*"Ivyo vyose Yesu yabibwiye ishengeru mu migani, ntaco yababwiye atabaciriye umugani. Nico catumye ivyo umuntu yavugishwa n'imana biboneka, ngo Nzoteranura akanwa kanje nce imigani, Nzovuga ivyahishiwe uherye ku kuremwa kw'isi." (Mat13:34-35)*

Muri iki gice, Yesu aratwereka igituma imana yahisemwo kutubwirira mu migani. Imana ivuga yanyegeje ivyiyumviro n'amabanga mu nkuru n'imigani. Wize neza bibiliya, uzosanga ko ibice 70% vya Bibiliya bigizwe n'inkuru, imigani n'ivyabaye. Ibi vyerekana neza ko Imana yashize mu nkuru no mu migani ibintu bihambaye dukwiye gutahura. Abateguye izi nyigishokw'isi bashimikiye ku cifuzo co gukoresha inkuru n'imigani kugira ngo inyigisho zigire ishingiro rikomeye mu vyanditswe. Mu cigisho cose ca twame imbuto tugwire, uzosangamwo amajambo make atava muri Bibiliya.

Iyi nteguro ishimiye cane ku nkuru za Bibiliya kuko zoroshe cane kwibuka no kwongera kuzivuga. Umaze kumenya amabanga ahishijwe muri Bibiliya, uzoyibuka kuko wafashe umwanya wo kuyarondera mu nkuru kandi ukayabona. Ico twokwongerako, umaze guahura inkuru, ukwiye kuyigira iyawe, hanyuma uyisangire n'abandi.

## 2. UBURENGANZIRA URUTONDE RWA TWAME IMBUTO TUGWIRE RUSHIMIKIRAKO.

Nkuwamaze kwiga ubuhinga bwa twame imbuto tugwire, uzotahura uko wobaza ibibazo bigororotse mu ntumbero yo kumenya wewe ubwawe amabanga yinyegeje mu gisomwa. Duciye muri rwo rukurikirane, Mpwemu Yera azodufasha uko twotahura n'ingene twaronka ukuri guhishuwe kuvuye Imana. Twagira ngo tuguhimirize gusangira n'abandi- Inkuru Nziza z'Ijambo ry'Imana. Ubuhinga bwatwame imbuto tugwire buguha uburenganzira:

- Uburenganzira bwo kwiyumvira kuri wewe ubwawe.
- Uburenganzira bwo kubaza ibibazo.
- Uburenganzira bwo gutahura.
- Uburenganzira bwo kwumva Mpwemu Yera.
- Uburenganzira bwo gusangira n'abandi.

### 3. UBUHINGA BWA TWAME IMBUTO TUGWIRE BUSHIMIKIYE KU GUTAHURA.

Muri Bibiliya, tubona ko Imana yifuza ko abantu barondera ukuri kandi bakakubona. Imana inyegeza amabanga yayo mw'ijambo ryayo kugira ngo tuyarondere kandi tuyabone. Kenshi na kenshi, iyo watahuye neza umenya ko ukuri gufise isobanuro ikomeye kandi ikora no kuri twebwe. Uyu mu gani ukurikira utwerekana akamaro ko gutahura:

- Niwambarira, nzokwibagira;
- Niwanyereka, nzokwibuka;
- Nitwakorana, nzotahura.

Gutahura amabanga ni igikorwa gisaba kwiha intumbero no kwitanga. Dutegerezwa kugira uruhara rwa gukora twebwe ubwacu kugira ngo dutahur ukuri. Bumwe mu buryo bwo kumenya amabanga y'Imana, ni ugukorera mu murwi. Naho wokwiga inkuru ya Bibiliya ndetse ugatahura ukuri wewe ubwawe, urakenye kandi kwiga inkuru uri mu mugwi mutoya kugira ngo utahure gumba uri kumwe n'abandi.

### 4. UBUHINGA BWA TWAME IMBUTO TUGWIRE BUSHIMIKIYE KU KWUMVIRA.

Twokora ikintu gito cane muvuyo guhishura amabanga y'Imana, mu gihe tutokwiha intumbero yo kwiga ukuri kwa Bibiliya mu bugingo bwacu. Iki gice gikurikira kitubwira ko tuzobona imihezagiro y'Imana ni twashira mu ngiro amabwirizwa n'ukuri vyayo mu bugingo bwacu:

*“Kandi mube abakora ivy'iryo jambo, ntimube abaryumva gusa, mwibesha, kuk'uwumva iryo jambo ntarikore, ameze nk'umuntu yirabiye mu cirore mu maso hiwe yavukanye. Amaze kwiraba, akagenda, uwo mwanya aca yiyibagira ukw'asa. Ariko, uwitegereza ivyagezwe bitunganye rwose, arivyo vy'umwidgegemvyo, akabishishikara, atar'uwumva akavyibagira, arikw'urubiora, niwe azohabwa umugisha muvuyo akora.” (Yak 1:22-25)*

Igikorwa ca twame imbuto tugwire, ntigishimikiye gusa kukumenya, ariko kandi gishimikiye bisaba kubishira mu ngiro. Iyo tumaze kumenya ukuri kw'Imana, dukwiye kurondera uko dukwiye kuvyifatamwo. Turabe ico tubwirwa mu 2Tim kuvyerekeye ivyanditwse:

*“Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi biriga ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugogoroka: kugira ng'umuntu w'imana abe ushitse, afise ibikwiye vyose, ngw'akore igikorwa ciza cose.” (2 Tim 3:16-17)*

Iki gice kitwerekana ko ivyanditswe vyose bifise akamaro. Ibi vyerekana ko igihe ukuri kwo mu vyanditswe gushizwe mu ngiro, bigira akamaro ko kwigisha, guhana, guhanura, no gutoza indero nziza. Dutegerezwa kumenya ko noho bivugwa gurtyo, bidasigura ko Bibiliya yose duca tuyitahura. Muri tugwire twame imbuto, twigisha abantu kugira intumbero yo gutahura ubwambere ukuri kw'ivyanditswe. Tumaze gutahura ukwo kuri, dukwiye rero kwemerera ivyanditswe ngo biduhane, bidutunganye kandi bitwigishe.


Uru rutonde rw'ibibazo rukurikira, tubibaza kugira ngo ivyanditswe bishobore: kudukuhana, kudutunganya no kutwigisha.

- **GUHANA**(Kuraba ibijanye na kahise) Mbega nogereranya nte ivyiyumviro n'ibikorwa vyanje hamwe n'ukuri nkuye mu gisomwa ca Bibiliya?
- **GUTUNGANYA**(Kuraba muri kubu) nkeneye iki kugira ngo tunganye ivyiyumviro n'ibikorwa vyanje bibi?
- **GUTOZWA INDERO**(Kuraba muri kazoza) Nkurikije ivyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri vya Bibiliya, notanga iyihe nyishu mu ngorane nacyemwo?

# Uko izi nyigisho zisobanuwe

## INTAMBUKO ZITANU KU CIGWA ICO ARI CO COSE

Icigwa ico arico cose kigizwe n'intambuko zitanu kandi intambuko yose ifise uburyo bwayo bwo gutanga umwimbu.



### ICIYUMVIRO NYAMUKURU: Gutegura indimo

Gutegura indimo bisigura gutegura ivyiyumviro n'imitima y'abo tugomba guhindura abigishwa, mu kubategura mu kuri gufatiye kuri Bibiliya.



### INKURU YA BIBILIYA: Kubiba imbuto

Inkuru ya Bibiliya ni imbuto ya yetewe mu mitima kugira ngo imere, igasare, ikure mu kumenya no mu kuri. Ni ikintu gikuruigihe ugomba gusoma inkuru, gufata umwanya wo gusenga usaba Imana kwugururira ivyiyumviro n'umutima wawe ku vy'ukuri kwa Bibiliya.



### UTURORERO: Kuvomera no gufumbira/gutabira

Koresha ibi bibazo 9 mu kuvomera no mu gufumbira imbuto. Ijambo ry'Imana niryu ridufasha kubona ukuri kuri mu nkuru. Ishire mu gishingo c'abavugwa.

1. Ni bande Bavugwa?
2. Ni ibihe Bikorwa vy'uwo ari we wese avugwa mu nkuru?
3. Ibindi bintu Bidasanzwe bivugwa ni ibihe?
4. Ni ibihe Bigumbagumba umuntu wese avugwa mu nkuru yacyemwo?
5. Ni ukuhe Guhitamwo kw'uwo wese avugwa mu nkuru?
6. Ni iyihe ntumbero y'uguhitamwo kw'umuntu wese avugwa mu nkuru?
7. Ukurikije inkuru, ni ibihe vyiyumviro n'ibikorwa vy'ukuri vya Bibiliya?
8. ku Mana, bizomfasha kuyikunda n'umutima wanjye wose, n'ubugingo bwanjye bwose, n'ubwenge bwanjye bwose, n'inkomezi zanjye zose?
9. Ivyo nsomye binyigisha iki kubinyerekeye canke ku bandi, bizomfasha gukunda abandi nkuko nikunda?



### IYINDI MIRONGO: Gututurira

Iyindi mirongo, idufasha gutahura ivyanditswe no kwirinda inyigisho z'ibinyoma zishobora kwaduka mw'ijambo ry'Imana ubwaryo. Soma ivyanditswe kugira ngo bigufashe kwishura ibibazo usanze mu gisomwa.



### GUSUZUMA NO GUSOZERA: Imbutu yeze

Ibibazo vyogutahura hamwe no gusozera, bifasha gusoroma canke kwimbura ukuri kuri muri Bibiliya, no kugushira mu ngiro mu buzima bwacu. Ushimikiye ku vyiyumviro n'ukuri vya Bibiliya igihe wasoma inkuru, ishura ibi bibazo bikurikira: (gutoza indero)

- GUHANA (Kuraba ibijanye na kahise) Mbega ndakunze Imana n'umutima wanjye, n'ubugingo bwanjye bwose, n'ubwenge bwanjye bwose? Mbega narakunze mugenzanje nkuko nikunda?
- GUTUNGANYA (Kuraba muri kubu) Mbega notunganya gute ivyiyumviro n'ibikorwa vyanjye?
- GUTOZWA INDERO (Kuraba muri kazozo) Nokwitegura gute mu gukomeza gukunda Imana n'umutima wanjye wose, n'ubugingo bwanjye bwose, n'ubwenge bwanjye bwose?

*"Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi biriga ikimazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugogoroka: kugira ng'umuntu w'imana abe ushitse, afise ibikiye vyose, ngw'akore igikorwa ciza cose." (2 Tim 3:16-17)*

# TWARAHawe INGABIRE

Icigwa  
P-1

Abantu bazokwerekana uko bakoresheje ingabire Imana yabahaye



Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Bibiliya ivuga yuko bantu bazerekana uko bakoresheje ingabire zabo.

Umurongo w'urufatiro: N'uko rero umuntu wese , muri mwbwe azobazwa n'Imana ivyo yakoze (Abar. 14:12)



Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

Intangamarara

Yesu yariko arabwira abigishwa biwe akoresheje umugani. Umugani ni ikintu gishobora gokoreshwa mukwerekana icyumviro giuru.

Igisomwa.

“Bizoba nk'ivy'umuntu agira agende mu mahanga, ahamagara abantu biwe, abasigarana ivyo atunze. Umwe amuha italanto zitanu, uwundi zibiri , uwundi imwe, nkuk'umuntu wese ashobora, aja mu mahanga. Uwo mwanya uwahawe italanto zitanu aragenda arizucuruza, yungukamw'izindi talanto zitanu. N'uwa zibiri abigenz'aryo, yungukamw'izindi zibiri. Arik'uwahawe imwe arigira, yimba mu kuzimu, ahisha amahera ya shebuja. Hashije igihe kirekire, shebuja w'abo bantu aragaruka, asuzuma ivyo yabasigaranye. Uwari yahawe italanto zitanu araza, azana italantoizindi zitanu, ati Mugenzi, wariwampaye italanto zitanu, ehe nungutsemw'izindi talanto zitanu. Shebuja aramubwira, ati Wagize neza, muntu wanje mwiza wo kwizigirwa, wizigiwe kuri bke, nzoguha kugaba vyinshi, injira mu mnezere wa shobuja. Haza uwari yahawe italanto zibiri, ati Mugenzi, wari wansigaranye italanto zibiri, ehe nungutesmw'izindi talanto zibiri. Shebuja aramubwira, ati wagize neza muntu wanje mwiza wo kwizigirwa, wizigiwe kuri bike, nzoguha kugaba vyinshi. Injira mu munezero wa shobuja. Kandi haza uwahawe italanto imwe, ati Mugenzi, narinkuzi k'ur'umuntu w'ingare, wimbura ivyo utarimye, ukmakuma ivyo utasanzaje, ndatinya, ngenda mpisha italanto yawe mu kuzimu: ehe ngibi ivyawe. Shebuja aramwishura, ati Wa muntu wanje mubi we, wa kinebwe we, war'uzi ko nimbura ivyo ntarimye, nkumakuma ivyo ntasanzaje. N'uko war'ukwi kujana amahera yanjemubayacuruza, nanje nagaruka nkaronka ayanje n'inyungu yayo. N'uko ni mumwaka italanto muyihe ufise italanto cumi. Kuk'ufise wese azohabwa , asesekarizwe: arik'udafise, azokwakwa n'ico yar'afise. N'uyo muntu wanje w'imburakimazi ni mumute hanze mu mwiza, no ho hazoba amarira no kuryanyainsya z'amenyo. “ (Mat.25:14-30).



Uturorero: kuvomera no gutabira



Iyindi mirongo: **gututurira**

(1Kor.10:30; Abar.12:3-8; ab'I Fil 4:14-19; Abany. 4; Ivyah. 20:11-15; 2Kor.5:10)



Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

Gusozera-

Bibiliya ivuga yuko abantu bakwerekana imbre y'Imana uko bakoresheje ingabire yabahe. Imana igomba ko ubugingo bwau bubaho bwama imbuto.

# GUKUNDA IMANA

Icigwa  
P-2

Icagezwe gikuru



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Yesu yabwiye abigishwa biwe ibintu vyinshi. Yesu agomba ko abantu bose bamukurikira kandi bagakora ivyo agomba. Ikintu nyamukuru abakurikira Yesu bagomba gukora, ni gukunda Imana no kwumvira amajambo yayo.

Umurongo w'urufatiro: "Haza umwe mu banyabwenge b'ivyanditswe Yuma babazanya, amenye kw'abishuye neza, aramubaza, at'lbwirizwe ry'imbere muri yose n'irihe? Yesu aramwishura, at'Iry'imbere n'iri, ngo Nimwumve yemwe Bisirayeli: Uhoraho Imana yanyu niwe Uhoraho wenyene. Kandi mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose, n'ubwenge bwanyu bwose, n'inkomezi zanyu zose. Irya kabiri ngiri, mukunde bagenzi banyu nkuko mwikunda, ntarindi bwirizwa risumba ayo." (Mark 12:28-31).



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

Intangamarara

Yesu yarikumwe n'abigishwa biwe.

Igisomwa.

Maze bariko bagenda bashika mu mihana: umugore yitwa Marita aramwakira amushikiza mu nzu yiwe. Uwo yar'afise mwene nyina yitwa Mariya, yicara imbere y'ibirenge vy'Umwami Yesu, yumv'ijambo ryiwe. Ariko Marta ahagarikira umutima kuzimana vyinshi; aramwegera, aramubwira, ati Mugenzi ntibikubabaje ko mwene mama yantereranye ibikorwa? Nuko mubarire amfashe. Umwami Yesu aramwishura, ati Marita, Marita, uriganyira wigora muri vyinshi: arikw'ibikwiye rwose ni kimwe: kuko Mariya ahisemw'umugabane mwiza atazokwakwa. (Luk 10:38-42)



Uturorero: kuvomera no gutabira



Iyindi mirongo: **gututurira**

(1Yoh 4; Mat. 22:36-37; Luk 11:42; Yak 1:12; 1Yoh 2:4-5)



Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

Gusozera-

Ibwirizwa rikuru Yesu yabwiye abantu ni ukumukunda no kwumva amajambo yiwe.

# IMBIBE ZUZUYE UKWIZERA IJAMBO RYIMANA

Icigwa  
P-3

Ubugingo bwama cane



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Bibiliya ni ijambo ry’Imana. Abigishwa ba Yesu Kristo bahamagariwe kwumva no kumenya ijambo ry’Imana. Abantu benshi barumva ijambo ry’Imana ariko ntibashaka kubaho nkuko rivuga. Inyigisho za Bibiliya ku bantu bose n’ukwumva ijambo ry’Imana no kubeshwaho naryo. Umwansi ntagomba ko abantu bumva canke ngo batahure ijambo ry’Imana. Umwansi ashaka gukura ijambo ry’Imana mumitima yacu. Igihe twokwumva ijambo ry’Imana, tukabeshwaho naryo, ubuzima bwacu bwo kwama cane.

Umurongo w’urufatiro: Ijambo ryawe n’itara rimurikira ibirenge vyanje, N’umuco umurikira mu nzira yanje. (Zab 119:105)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

Intangamarara

Yesu abwira ishengeru ri nini ry’abantu, bavuye mu mihingo itandukanye.

Igisomwa.

“ ... at’Umubivyi yasohoye imbuto ziwe, akibiba, zimwe zigwa iruhande y’inzi, barazikandagira, inyoni zo mu kirere zirazinobagura. Izindi zigwa ku rutare, izhejeje kumera ziruma, kuko zari zibuze ahabomvye. Izindi zigwa mu mahwa hagati, amahwa amerana na zo, arazinyoha. Izindi zigwa mw’ivu ryiza, ziramera, zihund’impeke, imw’ijana, iyindi ijana, birtyo birtyo. Avuze ivyo, avuga n’ijwi rirenga, at’uri n’amatwi yumva ni yumve. Umugani n’uyu. Imbuto n’ijambo ry’Imana. Abo iruhande y’inzi n’abaryumvise, maz’umurwanizi yaza, agakura iryo jambo mu mitima yabo, kugira ngo ntibizere ngo bakizwe. Abo ku rutare n’aba: iyo bumvise iryo jambo, baryakirana umunezero, maze mu gihe c’igeragezwa bakarireka. Izaguye mu mahwa n’abaryumvise, maze bariko barigira umwitwarariko wo mur’ubu bugingo, bo n’ubutunzi n’ibihimbaro vyo muri bwo, bikabanyoha, ntibam’imbuto nziza. Izo mw’ivu ryiza n’abumvise iryo jambo bakarigumya mu mitima myiza itunganye, bakamishwa imbuto n’ukwihangana.” (Luk 8:5-8, 11-15)



Uturorero: kuvomera no gutabira



Iyindi mirongo: **gututurira**

(Yoh10:27;15:16; Zab 119; Ab’I Fil 1:9-11; Ab’I Kol 1:9-12; 1Pet. 5:8)



Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

Gusozera-

Igihe abantu bumva amajambo y’Imana, bakabeshwaho nayo, ubugingo bwabo bwama imbuto. Ni nkenerwa ko abakurikira Kristo batemerera umwansi canke umwitwarariko w’ivy’isi vyotuma amajambo y’Imana ataguma mu mitima yabo.



# KURONGORA IMIGWI YO KUGIRA ABANDI ABIGISHWA

## GUTAZIRA NO GUSENGA

- Guhamagara Imana ngo ibe hagati mw'ikoraniro, mu gusenga no mugutazira Imana.
- Shiraho umwanya wo gushima Imana no gushing intahe.

## GUTAHURA ICIGISHO NO KUGISHIRA MU NGIRO

### 1. UMUTWE W'ICIGISHO

- Sangira n'umugwi umutwe mu kuru w'icirwa hamwe n'umurongo mu kuru.

### 2. INKURU YA BIBILIYA

- Sangira intangamarara n'inkuru ya Bibiliya n'umugwi.

### 3. UBURYO BWO GUTAHURA

- Menya inkuru ya Bibiliya
- Tahura inkuru
- Menya ukuri kwa Bibiliya.

### 4. IBINDI VYANDITSWE BIDUFASHA

- Suzuma ivyiyumviro bitomoye vya Bibiliya n'ivyakozwe n'umugwi kugira ngo batahure ko ari ukuri kwa muri Bibiliya bakoresheje iyindi mirongo.

### 5. KURABA KO ABIGISHWA BATAHUYE

- Wisunze ivyiyumviro bitomye vya Bibiliya n'ibikorwa bivugwa m nkuru, ishura ibibazo bikurikira: (kwigisha)

- Guhana(kahise) Mbega ndakunda imana n'umutima wanjye, n'ubugingo n'ubwenge bwose? Mbega ndakunda mugenzanje nkuko nikunda?
- Gutunganya(kubu)Mbega notunganya gute ibikorwa vyanje?
- Gutoza indero(kazoza) Mbega nokwitegura mukubandaya gukunda Imana n'umutima wanjye, n'ubugingo n'ubwenge bwose?

## KUBANA N'ABANDI

Gukurira muri Kristo.

- Baza umurwi uko bashoboye gushira mungiro ivyo bize mu cigwa co guhindura abandi intumwa.

Sangira n'abandi ukuri kwa Bibiliya.

- Baza umurwi uko basangiy n'abandi ivyo bize mu nkuru ya bibiliya iherutse.
- Baza umurwi uko uzosangira n'abandi inkuru mw'ikoraniro ryo guhindura abandi intumwa rizokurikira.

Kwitwararika abakene.

- Baza umurwi, uko vyagenze mukwitwararika ubukene bwo mu mrwi n'ubw'abandi bantu.
- Baza umurwi niba hari ico kwitwararika canke ingorane mu murwi canke mubandi bantu.
- Baza umurwi uko botorera inyishu y'ibibazo n'ingorane.

# IBIGABANE BIKURU BIKURU

## Kwubaka ingoro Imana izobamwo

Izi nyigisho zigizwe n'urukurikirane rw'ivyigwa nkenerwa 52. Bitangwa mu kiringo c'umwaka wose mu bice bine. Igice kimwe-kimwe cose kirimwo ivyigwa 13. Ibi bigabane uko ari bine, vyerekanwa n'ibice bine bitandukanye bize inzu. Ivyo bice bikaba ari: ibuye rigumya imfuruka, urufatiro/ushinge, ibihome n'igisenge.



Ibuye rigumya imfuruka- Ibigwa c'ibuye rigumya imfuruka, gishimikiye ku migenderanire yo kwuzura no kurekuriranira. Gitangurana n'ingene Imana yaremwe ibintu vyose. Aha niho tubona ukuri kwa Bibiliya gutomoye kubijanye no kuremwa kw'ibintu n'abantu. Umuntu yaremwe mu buryo butandukanye n'ibindi biremwa. Intumbero kwari ukugira ngo tugiriranire imigenderanire idasanzwe n'Imana. Hanyuma tubona ingene umuntu atumviye Imana, akemera guhendwa na Satani. Ivyo vyatumye imigenderanire yacu n'Imana ihagarara. Umugambi nyamukuru tubona muri iki cigisho, ni integuro y'Imana yo gucungura abantu, no kwongera kugiriranira imigenderanire myiza na Yo.



Urufatiro/umushinge - Muri iki cigwa dushimikira ku kamaro ko kwumvira itegeko n'amajambo ya Yesu Kristo. Yavuze ati: "Uwumva ayo majambo yanje wese, akayakora, asa n'umuntu w'ubwenge yubatswe inzu yiwe ku rutare". (Mat 7:24) Iki cigwa gishimikiye kugushiraho urufatiro rukomeye rwo kukubaho twumvira ijambo ry'Imana.



Impome/ibibambazi - Ibibambazi vy'inzu, ni birya abantu bitegereza bari inyuma y'inyubako. Nico kimwe n'abizera Kristo. Abakristo bahagarariye Imana kw'isi. NK'abahagarariye Imana, bakwiye kuboneka no gukora ku buryo ababakikije bababonamwo Imana. Iki cigwa gishimikiye ku ntumbero nkuru z'umuryango w'Imana kw'isi.



Igisenge/Isakariro - Iki cirwa canyuma kirimwo ukuri ngenderwako mu kwizera kw'umukristo. Igisenge gifasha kurinda ibintu biva hanze bidakenewe. Igisenge cerekana ingene umukristo ashobora kwirinda inyigisho z'ibinyoma, mu kwerekana ukuri ngenderwako kwa Bibiliya mu kwizera kw'umukristo.



Ibuye rigumya  
imfuruka



Urufatiro



Impome



Igisenge

"N'uko ntimukir'abashitsi n'akavantara, ariko musangiye ubwoko n'abera, mur'abo mu ngoro y'Imana; kuko mwubatswe ku mabuye y'itanguriro ari yo ntumwa n'abavugishwa n'Imana, Kristo Yesu ariwe buye rigumya imfuruka. Muri we ingoro yose, yubatswe neza, irakura, ngw'ibe urusengeru rwera mu Mwami wacu. Muri we namwe murubakanwa kugira ngo muheshwe na Mpwemu kuba ingoro Imana ibamwo." (Abany 2:19-22)

# *Ingene tugwire twame imbuto (Bfam) yatanguye*

## **Ni kuki izi nyisgi tugwire twame imbuto zateguwe?**

Tugwire twame imbuto(BFAM) ni integuro n'uburyo bwo kwigisha, kugira ngo dufashe abizera gutahura inyigisho za Bibiliya no kubeshwaho nazo. Ukoreshe integuro n'ubuhinga bwa "Tugwire twame imbuto" (BFAM), bazorongora abizera Yesu Kristo kugira ubuzima bunengesereye kandi bizobafasha kugirirana imigenderani irama na Kristo.

Tugwire twame imbuto(BFAM) ziri mu ndimi zitandukanye kandi ,haguma haboneka izindi nsobanuro nshasha zongerwako. Urutonde rw'indimi "Tugwire twame imbuto"(BFAM) zanditswemwo dushobora kubisanga kuri [www.iBFAM.org](http://www.iBFAM.org). Niba utaronse ururimi wifuza, wobimenyesha EHCI.

## **Ni nde yateguye inyigisho za "Tugwire twame imbuto" (BFAM)?**

Inzu yose ibe iya kw'isi yose(EHCI), niyo yonyene itegura kandi ikandika inyigisho za "Tugwire twame imbuto" (BFAM). Muri rusangi intumbero ya Inzu yose ibe iya kw'isi yose(EHCI), ni iyi ikurikira:

Inzu yose ibe iya Kristo yabayeho kugira ngo yubake umubiri wa Kristo mu gushiraho no guhimiriza abizera aho bari hose, ngo bagire uruhara rwo gutwara ubutumwa bwa Yesu Kristo ku nzu ku nzu kw'isi yose, kugira ngo tuzane abandi mw'ishengero, dushitse itegeko rikuru rya Kristo.

Kuva mu mwaka w'1946 ishishamwe inzu yose ibe iya kw'isi yose(EHCI), rimaze gushikiza ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo inzu zirenga biliyoni n'igice(1,5 billion ) mu bihugu 215. Imbuto ,ni uko abantu barenga imiliyoni 100 bamaze kwakira ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo.

## **Ingingo ngenderwako z'ishishamwe inzu yose ibe iya Kristo (EHCI)**

Inzu yose ibe iya kristo ikorera kuri izi ngingo zitanu arizo:

1. Gukurikiza itegeko rya Yesu Kristo uko riri  
Ubu harihogukwiragiza ibitabo vy'ivugabutumwa inzu ku nzu agasagara ku kandi. Ibi birerekana ko igikorwa co gushitsa itegeko rikuru rya Yesu Kristo kiriko kirakorwa(Mat28:16-20; Mark 16:15).
2. Ata bumwe, igikorwa co kuvuga ubutumwa kw'isi yose ntigishoboka.  
Ugufatanya kw'imigwi y'ivugabutumwa kurakenewe mu gushitsa itegeko rikuru rya Yesu Kristo. Ubu, imigwi yo kuvuga ubutumwa n'amashengero birenga 500 biramaze kwitegura mu gufatanya n'ishishamwe inzu yose ibe iya Kristo(EHCI) mu gukwiza ubutumwa kw'isi yose.(Yoh17:21-23).
3. Gusenga nivyo vyonyene bizokuraho intambanyi zose mu gushitsa itegeko rikuru rya Yesu Kristo.  
Gusenga n'ikintu gihambaye mu kwiza ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo. Gushika ku ntambuko yo gusenga, nikwo gushika ku rugero rwo gushikana ubutumwa kw'isi yose.(Mark.11:22-23)

# WOSHOBORA GUFATANYA GUTE N'ISHIRAHAMWE INZU YOSE IBE IYA KRISTO KW'ISI YOSE?

## SENGA

Senga kugira ngo utere integeabakozi b'Imana bashikane ubutumwa ku bazimiye. Ni ikintu nkenerwa ko tugira ubwira bwo kwifatanya n'abasenga Imana ngo itere umwete abakozi. "Yesu yavuze at'Ivyimburwa ni vyinshi arikw'abimbuzi ni bo bake: n'uko ni mwingingye Nyen'ivyimburwa arungike abimbuzi mu vyimburwa vyawe." Ingingo ya gatatu mu ngingo ngenderwako z'ishirahwe inzu yose ibe iya Kristo(EHCI) ivuga yuko gusenga kwonyene arikwo gushobora gukuraho intambanyi zose mu gushitsa itegeko rikuru rya Yesu Kristo. Gushika ku ntambuko yo gusenga, nikwo gushika ku rugero rwo gushikana ubutumwa kw'isi yose. (Mark 11:22-23)

## TANGA

Tanga kugira ngo ushigikire igikorwa co gushikiriza ubutumwa abazimiye. Kugira ngo dushobore kurungika abakozi mu gikorwa co kurondera abazimiye, amafaranga arakenewe. Amafaranga arafasha mu kurondera ibitabu, mu kwigisha abakozi b'Imana canke kugenza ibikorwa vy'ishirahamwe. Igihe wohitamwo kwifanya natwe gushikira inzu 100 ku kwezi canke kwiyemeza kugira ico utanze ku kwezi ku kwezi, uzoba utumye umunyagihugu wese mu Burundi mbere no kw'isi yose ashikirwa n'Ubutumwa Bwiza.

## GENDA

Itwararike kwifatanya n'abandi mu gikorwa gihambaye co kuzana benshi kuri Kristo. Ikintu ca mbere mu bintu ngenderwako vy'ishirahamwe inzu yose ibe iya Kristo(EHCI) ni uko "Itegeko Rikuru" ryubahirizwa uko riri. Ishirahamwe inzu yose ibe iya Kristo(EHCI), ihimiriza ibihumbi vy'abakozi b'Imana aho bari hose kw'isi, kujana ubutumwa inzu ku nzu mu bihugu birenga ijana ku musu ku musu. Twizera ko abakurikira Kristo bakwiye kugira uruhara mu gikorwa co kujana ubutumwa, kandi turacafise akaryo ko gukora. Niba ugomba kwifatanya n'abajana ubutumwa bwiza kubari mu mwiza, shikira ibiro v'ishirahamwe inzu yose ibe iya Kristo(EHC) biri hafi yawe.



# IBUYE RIGUMYA IMFURUKA

## IMIGENDERANIRE YO KWUZURA

*Kukw'Imana yahimbawe n'uk'ukunengsera kwayo kwose kuba muri we: kandi yahimbawe no kumuha kwuzura vyose nayo, ar'ivyo mw'isi, ari'ivyo mw'ijuru, izanishije impore amaraso yo ku musaraba wiwe. (Ab'I Kol 1:19-20)*

### Urupapuro

#### Urutonde

- 1-1 IMANA UMUREMYI W'IJURU N'ISI.....21**  
*Yaremye ibintu vyose*
- 1-2 ABANTU BAREMWE MU BURYO BUDASANZWE.....22**  
*Baremwe mu buryo budasanzwe bwo kugiriranira imigenderanire n'Imana no hagiti yabo ubwabo.*
- 1-3 SATANI UMUNYABINYOMA.....23**  
*Yazanywe no kwiba, kwica no gusambura*
- 1-4 ADAMU NA EVA NTIBUMVIYE IMANA.....24**  
*Ubu abantu turiko umuvumo*
- 1-5 UMURYANGO WATORANIJWE.....26**  
*Imigenderanire idasanzwe hagati y'Imana na Aburahamu*
- 1-6 IMANA IGEZA ABURAHAMU.....27**  
*Aburahamu yumvira Imana*
- 1-7 HARI UBUZIMA INYUMA Y'URUPFU.....29**  
*Ubuzima dufise inyuma y'urupfu, buri mu nzira zibiri: mw'ijuru canke mu muriro.*
- 1-8 YESU KRISTO.....30**  
*Yesu Kristo ni Imana yuzuye kandi ni Umuntu yuzuye*
- 1-9 UMUGAMBI W'IMANA WO KWUZURA N'ABANTU.....31**  
*Guhana icaha nokugarukana imigenderanire*
- 1-10 YESU YARANESHEJE URUPFU..... 32**  
*Ukuzuka kwa Yesu Kristo kwagaragaje uwo ari We*
- 1- 11 NOKORA IKI NGO NKIRE.....34**  
*Izere*
- 1-12 TWOKWISHURA DUTE URUKUNDO RW'IMANA? .....35**  
*Ukwihana*
- 1- 13 NDI INCUTI YA YESU.....36**  
*Guma mu rukundo rwiwe kubwo kwizigira*

# IMANA UMUREMYI W'IJURU N'ISI

Igice ca  
1-1

Yaremye ibintu vyose



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Hariho Imana imwe gusa. Izi vyose, ishobora vyose, iba hose, kandi yaremye ibintu vyose ibikuye mu busa. Isi yose yashizweho n'itegeko ry'Imana. Kukw'Imana ari nziza, ikintu cose yaremye cari ciza.

Umurongo w'urufatiro: "Rurema niyo yaremesheje isi ubushobozi bwayo, ikayihamangirisha ubwenge bwayo, ikagaranzuza ijuru ukumenya kwayo." (Yer 51:15)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

Intangamarara

Imana yamyeho vyose bitarabaho. Bibiliya itubwira ko Imana yaremye isi n'ibiyiriko vyose mu misi itandatu. Mu misi itanu yambere Imana yaremye umuco, izuba ukwezi, inyenyeri n'ikirere, amazi, n'ubutaka. Kandi yaremye ibimera n'ikindi kintu cose gifise ubugingo, caba ico mu mazi, kw'isi canke ibiguruka mu kirere, ngo birondoke, bigwire uko amoko yavyo ari. Imana yitegereza ivyo yaremye vyose ibona kw'ari vyiza. Naho twavuze ivyo Imana yaremye guhera ku musu wa mbere kushika ku musu wa gatanu, icyumviro nyamukuru muri iki cigwa, gihagaze ku musu wa gatandatu.

### Igisomwa

"Imana iravuga, it'Isi n'izane ibiri n'ubugingo, nkukw'amoko yavyo ari, vy'ibitungano n'ivyikwega hasi n'ibikoko vyo mw'isi, nkukw'amoko yavyo ari: biba kuno. Nukw'Imana irema ibikoko vyo mw'isi, nkukw'amoko yavyo ari, n'ibitungano, nkukw'amoko yavyo ari, n'ivyikwega hasi vyose, nkukw'amoko yavyo ari: Imana ibona kw'ari vyiza. Imana iravuga, iti Tureme umuntu mw'ishusho yacu, ase natwe: aganze amafi yo mu kiyaga, n'ibiguruka mu kirere, n'ibitungano, n'isi yose, n'ivyikwega vyose, bigenda bikwega inda hasi. Nukw'Imana irema umuntu mw'ishusho yayo, mw'ishusho y'Imana niho yamuremye; irema abantu bar'uburyo bubiri. Maz'Imana irabahezagira, iti Ni murondoke, mugwire, mwuzure isi muyiganze; Mugabe amafi yo mu kiyaga, n'ibiguruka mu kirere, n'ibifise ubugingo vyose bigendagenda kw'isi." (Ita1:24-28)



Uturorero: kuvomera no gutabira



Iyindi mirongo: **gututurira**

(Ab'I Kol 1:16; Ivyah 4:11; Zab 33:6-9; Yes 40:21-28; Abah 11:3)



Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

Gusozera-

Isi n'ibiyuzuye ntivyabayeho ku gihamana(impanuka). Hariho Imana imwe Rurema kandi ivyo yaremye vyose ni vyiza.

# ABANTU BAREMWE MU BURYO BUDASANZWE

Igice ca  
1-2

Baremwe kugira ngobagirirane imigenderanire idasanzwe n'Imana no hagiti yabo ubwabo.



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Hariho Imana imwe gusa. Izi vyose, ishobora vyose, iba hose, kandi yaremye ibintu vyose ibikuye mu busa. Isi yose yashizweho n'itegeko ry'Imana. Kukw'Imana ari nziza, ikintu cose yaremye cari ciza.

Umurongo w'urufatiro: Ndagushimira yuko naremwe uburyo buteye ubwoba butangaje... (Zab 139:14)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

Intangamarara

Bibiliya itubwira ko Imana yaremye ijuru n'isi n'ibirimwo vyose. Kandi Imana yatangaje ko ivyo yaremye vyose ari vyiza.

### Igisomwa:

“Uhoraho Imana abumba umuntu mu mukungugu wo hasi, amuhumekera mu mazuru impwemu y'ubugingo; umuntu acaba ufise ubugingo. Uhorah'Imana aravuga ati, Sivyiza kuy'umuntu yibana wenyene; hinge ndamuronderere umufasha bikwiranye. Nukw'ibikoko vyose vyo ku misozi n'ibiguruka mu kirere vyose, ivyo Uhoraho Imana yari yabumvye mw'ivu, abizanira uwo muntu ngo arabe ingene avyita amazina: kandi uwo muntu uko yise ikiri n'ubugingo cose, rica riba izina ryaco. Uwo muntu avyita amazina uherye kubitungano vyose no kubiguruka mu kirere no kubikoko vyo mw'ishamba vyose: ariko ntihabonekamwo umufasha akwiranye n'umuntu. Maz'Uhoraho Imana asinziriza uwo muntu ubutikoma, arasinzira: amukuramwo urubavu rumwe, ahomeka inyama mu gishingo carwo. Urwo rubavu Uhorah'Imana akuye mur'uwo muntu, arukuramwo umugore, amuzanira uwo muntu.”(Ita 2:7,18-22)



Uturorero: kuvomera no gutabira



Iyindi mirongo: **gututurira**

(Zab 24:1; 100:3;139:13-16; Abany 5:28,31; Rom 8:3-39)



Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

Gusozera-

Isi n'ibiyuzuye ntivyabayeho ku gihamana(impanuka).Hariho Imana imwe Rurema, kandi ivyo yaremye vyose ni vyiza.



# SATANI UMUNYABINYOMA

Igice ca  
1-3

Yazanywe no kwiba, kwica no gusambura



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Umubi ariho. Satani ni umubi. Satani yanka Imana, Satani yanka ivyiza Imana yaremye. Kuko Satani yanka ivyiza Imana yaremye, yaje kw'isi yihinduye inzoka, kugira ngo asambure imigenderanire idasanzwe yari hagati y'umuntu n'Imana.

Umurongo w'urufatiro: Igisuma ntikizanza n'ikindi, atar'ukwiba, n'ukwica, no gutikiza; nanje jeha nazanywe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi ziburonge busagutse ntikizanza. (Yoh 10:10)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

### Intangamarara

Imana yashije umugabo n'umugore mw'itongo ryiza ngo baribemwo. Imana yabwiye umuntu ko yemererwa kurya ku giti cose co muri iryo tongo uretse igiti kimwe gusa. Imana iravugaga, it'ushobora kurya ku giti cose co muri iryo tongo, akw'igiti kimenyekanisha ikibi n'iciza ntuzukiryeko kuk'umusi wakiriyeko, uzopfa ntakabuzwa. Umusi umwe Satani ya je yihinduye inzoka abesha Eva.

### Igisomwa-

Inzoka yarusha ubugunge ibikoko vyose vyo mw'ishamba Uhoraho Imana yaremye. Ibaza uwo mugore, iti Mbega n'ivy'ukuri koko y'ukw'Imana yavuze, ngo ntimurye ku giti nakimwe co muri iryo tongo? Umugore yishura iyo nzoka, at'ivyama ku biti vyo muri iryo tongo twemererwakubirya: akw'ivyama ku giti kiri hagati mw'itongo, ni vy'Imana yatubujije, ngo ntubiryeke, canke ngo tunabikoreke, kugira ngo twoye gupfa. Iyo nzoka yishura uwo mugore, iti Haba n'intete ntimuzopfa; kukw'Imana izi yuk'umusi mwabiriyeko, amaso yanyu azokwihweza, mukamera nk'Imana kuvyo kumenya iciza n'ikibi. Uwo mugore abonye ico giti yukw'ar'ikibereye kuribwa, kandi ko gihimbaye mu jisho, ar'igiti co kwipfuzwa kimenyekanisha ubwenge, yamurira ku vyo camye, arabirya, ahako n'umugabo wiwe barikumwe, nawe ararya... Uhoraho Imana abaza uwo mugore, at'ico wakoze ico n'igiki? Uwo mugore aramwishura, at'Inzoka yampenze, ndabirya. Uhoraho Imana abarira iyo nzoka, ati K'ukoze ivyo, ubaye ikivume mu bitungano vyose no mu bikoko vyose vyo mwishamba:uzohora ukwega inda hasi, izorya umukungugu misi yose y'ukubaho kwawe. Nzoshira inyankane hagati yawe n'uyu mugore, no hagati yuruvyaro rwawe n'urwiwe: ruzogukomeretsa umutwe nawe uzorukomeretsa igitsintsi. (Ita 3:1-6,13-15)



## Uturorero: kuvomera no gutabira



## Iyindi mirongo: gututurira

(Mar 1: 9-13; 2 Ab'I Tes 2: 8-10; Ivyah 12:9; 1 Pet 5:8)



## Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

### Gusozera-

Satani n'umwansi. Ivyiyumviro vyawe bibi vyatumye arwanya Imana n'imigambi yayo. Igikorwa ca Satani kw'isi catanguranye no kugerageza Eva. Satani yahendesheje Eva kutumvira Imana. Satani ni umwansi w'umuntu bo n'imigenderanire idasanzwe hagati y'umuntu n'Imana.

# ADAMU NA EVA NTIBUMVIYE IMANA

Igice ca  
1-4

Ubu abantu turiko umuvumo



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Satani yahenze Eva bituma agwa mu caha co kutumvira Imana. Kutumvira Imana n'icaha kandi Imana irahana icaha. Ingaruka y'icaha ca Adamu na Eva n'uko imigenderanire yari hagati yabo n'Imana yacyiye ihagarara kandi vyabazaniye ingorane, imibabaro n'urupfu.

Umurongo w'urufatiro: None rero ko bimeze biryo, nk'ukw'icaha cazanywe mw'isi n'umuntu umwe, urupfu rukazanwa n'icaha, ni k'urupfu rushika ku bantu bose, kuko bose bakoze ivyaha. (Rom 5:12)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

### Intangamarara

Abantu ba mbere Imana yaremeye bari uburyo bubiri: umugabo yitwa Adamu, umugore yitwa Eva. Muri iyi nkuru igiti kivugwa ni igiti kimenyekanisha ikibi n'iciza. Imana yavuze ko Adamu na Eva bashobora kurya ku giti ico ari co cose uretse igiti kimenyekanisha ikibi n'iciza.

### Igisomwa-

Uwo mugore abonye ico giti yukw'ar'ikibereye kuribwa kandi ko gihimbaye mu jisho, ar'igiti co kwifuzwa kimenyeshya ubwenge, yamura kuryo camye, arabirya, ahako n'umugabo wiwe bari kumwe, nawe ararya. Amaso yabo bomp arihweza, bamenya yuko bagenda amenya, badandikanya ibibabi vy'imisukoni, bironkeramw'uducocerwa. Bumva ijwi ry'Umwami Imana agendagenda mur'iryo tongo mu gihe c'akayaga ko ku kagoroba: uwo muntu n'umugore wiwe binyegeza mu biti vyo mur'iryo tongo, ng'Uhoraho Imana ntababone. Uhoraho Imana ahamagara uwo muntu, aramubaza at'Uri hehe? Aramwishura, ati Numvise ijwi ryawe mwi'tongo, ndatinya, kuko ndi gusa, ndinyegeza. Arambaza, ati Ninde yakubariye ko wambaye ubusa? Mbega wariye kuri ca giti nakubujije kuryako? Uwo muntu aramwishura at'umugore wampaye ngo tubane, niwe yampaye ku vya ca giti, ndabirya... Kand'abarira uwo mugore ati Nzogwiza rwose umubabaro wawe ufise inda, uzokwama uvyara abana ubabara; kand'umugabo wawe uzomuhoranira inyota, nawe azokuganza. Abarira Adamu na we, ati Ko wumviye umugore wawe, ukarya ku giti nari narakubujije, nti Ntuze ukiryeko: uzaniye ivu umuvumo; uzokwama uryaibirivamwo ubibiruhye, imisi yose y'ukubaho kwawe; rizohora rikumerera imikere n'ibitovu, arik'uzotungwa n'ibirimano; kwirirwa urabira akuya nivyo bizoguhesha ivyo kurya, uz'urinde usubira mw'ivu, kukwariryo wakuwemwo: urumukungugu, kand'umukungugu ni wo uzosubiramwo. (Ita 3:6-13, 16-19)



## Uturorero: kuvomera no gutabira



## Iyindi mirongo: gututurira

(Yak 1:13-15; Yes 59:2; Rom 3:23; 6:23; 1 Yoh 3:5)



## Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

### Gusozera-

Ugukekeranya no kutumvira Imana vyahagaritse imigenderanire hagati y'Imana n'umuntu. Ubweranda bw'Imana ntiushobora kwihanganira icaha. Abantu bose bakoze icaha. Ingaruka y'icaha ni ingorane, imibabaro n'urupfu.

# UMURYANGO WATORANIJWE

Igice ca  
1-5

Imigenderanire idasanzwe hagati y'Imana na Aburahamu



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Icaha ca Adamu na Eva candukiye abantu bose. Imana yateguye umugambi wokugarukana ubumwe hagati yayo n'umuntu. Imana yagiranye amasezerano n'umuntu yitwa Aburahamu. Mu ruvyaro rwa Aburahamu niho Imana izosubira kwiyunga n'abantu.

Umurongo w'urufatiro: Uhoraho abarira Aburahamu, ati Va mu gihugu canyu, no mu muryango wanyu, no mu nzu ya so, uje mu gihugu nzokwereka. Nanje nzoguhindura bwoko bukomeye, nzoguha umugisha, izina rywe ndarigire rurangiranwa, n'abandi bose baze bagire umugisha kubwawe.

Abazoguhezagira nzobahezagira kand'uzokuvuma nzomuvuma: kandi muri wewe niho imiryango yose yo kw'isi zoherwa umugisha. (Ita 12:1-3)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Aburahamu yari umuntu yumvira Imana igihe cose ivuganye nawe. Imana yatoraniye umuryango wa Abrahamu kuba umuryango wo kunesha Satani no kugira ngo muri wo abantu bose bahabwe umugisha. Aburahamu ntiyigeze yizigira Imana ko yomuha ivyara bicie ku mugore wiwe Sara.

Aburahamu yiyumviriy e guca mu nzira ziwe, atari mu nzira Imana yamubwiye. Aburahamu na Sara barondey ivyara ku ncoreke. Umwana bavyaye yitwa Ishimiyeli.

### **Igisomwa-**

Abraamu amaze imyaka mirongo icenda n'icenda, uhoraho aramubonekera, aramubwira ati Ni jewe Mana Ishobora vyose, uhore ugendera imbere yanje, kand'utungane rwose. Nanje ngusezeraniye isezerano, nzokurwiza cane. Aburahamu arapfukama arunama, Imana iramubwira iti, Raba jewe ubwanje ndagusezeraniye isezerano: uzoba sekuruza w'amahanga menshi. Kandi ntucitwa Aburamu ukundi ariko uzokwitwa Aburahamu kuko nkugize sekurusa w'amahanga menshi. Kandi nzoguha kurondoka cane, nzotuma amahanga agukomokako, n'abami bazokwandurukako. Kandi nshize isezerano ryanje ngusezeraniye, wewe n'uruvyaro rwawe ruzovuka hanyuma, ukw'ibihe vy'urunganwe bizogenda bikurikirana, ribe isezerano ridashira, kugira ngo nkubere Imana, wewe n'uruvyaro rwawe ruzovuka hanyuma. Imana ibarira Aburahamu iti, Sarayi umugore wawe ntube ukimwita Sarayi ukundi, arik'uz'umwite Sara> Nzomuha umugisha, nteko nguhe umwana kuri we: ni koko nzomuha umugisha, kand'azoba inakuruza w'amahanga; abami b'amoko bazokomoka kuri we. Maze Aburahamu arapfukama, arunama aratwenga, yivuganiriza mu mutima, ati Mbga umwana yovyarwa n'umaze imyaka ijana? Nara amaze imyaka mirongo icenda yoba akivyara? Aburahamu abwira Imana at'compa Ishimiyeli agakomera, akaba imbere y'inyonga zawe! Imana iramwisha it'oya ariko kuri Sara umugore wawe, niho uzovyara umwana. Kand'uz'umwite Isaka, nanje nzokomeza isezerano ryanje nawe, ngo ribe isezerano ridashirak'uruvyaro rwiwe ruzovuka hanyuma. (Ita 17:1-7, 15-19)



## **Uturorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

Gututurira (Ita 15:1-6; Abah 11:8-12; Ab'I Gal 3:16; Yes 51:2; Yak 2:23)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Umugambi w'Imana wo kwiyuna n'abantu, watangurany n'ihamagarwa rya Aburahamu. Imana yasezeranye ko amahanga yose azohezagirirwa mu muryango wa Aburahamu. Biciye mu ruvyaro rwa Aburahamu, Imana yasezeranye ko abanyavyaha bose bazocungurwa.

# IMANA IGEZA ABURAHAMU

Igice ca  
1-6

Aburahamu yumvira Imana



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Amaszerano yose Imana yasezeranye na Aburahamu, yari afatiye kuri Isaka. Imana yagejeje Aburahamu, nawe yarumviye itegko ry'Imana. Aburahamu yizeye ko imana idashobora kubesha.

Umurongo w'urufatiro: Ukwizera nikwo kwatumye Aburahamu atanga Isaka kw'ikimazi, hamwe yagezwa: mber'uwari yarakiranye igishika amasezerano, yarikw'aratanga kw'ikimazi umwana wiwe w'ikinege, uwo yariyarabariwe ivyiwe ngo kuri Isaka niho uruvyaro rwawe ruzokwitirirwa: kuko yishimiye yukw'Imana ishobora no kuzura abapfuye, nico catumye amugarurirwa nk'uzutse. (Abah 11:17-19)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

### Intangamarara

M u biahe vya kera, kugira icaha kibabarirwe, Imana yashizeho ikimazi c'amaraso. Gutanga ikimazi, wari umugenzo w'idini nk'ikimenyetso co kwoza ivyaha no gusnga Imana.

### Igisomwa-

Iramubwira, it'Enda jana umwana wawe, umwana wawe w'ikinege ukunda, Isaka nyene, uje mu gihugu c'i Moriya; umutangireyo kw'ikimazi co kwoswa, ku musozi nzokubarira. Aburahamu azinduka kare mu gitondo, ashira amatandiko ku ndogoba yiwe, ajana na babiri bo mumikangara yiwe, na Isaka umwana wiwe; nukw'asatuje inkwi zo kwosa ikimazi, ava hasi, aja hahantu Imana yamubariye. Ku musu ugira gatatu, Aburahamu atuma amaso, abona aho hantu hakiri kure. N'uko Aburahamu abwira iyo mikangara yiwe, ati Ni musigarane iyi ndogoba hano, twe n'uyu mwana tugiyeye hariya gusenga, turaheza tugaruke. Aburahamu yabira za nkwi zokwosa ikimazi, azikorera Isaka umwana wiwe; nawe yitwarira umuriro n'imbugita; nuko bompibara. Isaka abaza se Aburahamu, ati Mbega da? Aramwitaba, ati N'iki ga mwana wanje? Ati Mbeg'umuriro n'inkwi kw'ari ngibi, non'umwagazi w'intama uri hehe, wo gutanga kw'ikimazi co kwoswa? Aburahamu aramwishura, at'Erega mwananje, Imana niyo iribwironkere umwagazi w'ikimazi co kwoswa. Nuko bompibara. Bashitse ahantu Imana yamubariye; Aburahamu ahubaka igicaniro, akinyuranyako za nkwi, aboha Isaka umwana wiwe, amurambika kuri ico gicaniro hejuru y'inkwi. Aburahamu atuma ukuboko, yabira ya mbugita, ngw'akerere umwana wiwe. Maz'umumarayika w'Uhoraho amuhamagara ari mw'ijuru, at'Ewe Aburahamu, Aburahamu! Aritaba, ati Sabwe. Aramubarira, ati ntukoze ukuboko kur'uwo muhungu, ntugire ico umugira: kuko noneho menye ko wubaha Imana, kuk'utnyimye umwana wawe, kand'ar'ikinege. Maze Aburahamu yunamuye amaso, areraguza inyuma yiwe ahabona impfizi y'intama ifashwe mu mahembe mu gisaka c'inzitane. Aburahamu aragenda, afata ino ntama, ayitangakw'ikimazi co kwoswa mu gishingo c'umwana wiwe. (Ita 22:2-13)



## Uturorero: kuvomera no gutabira



## Iyindi mirongo: gututurira

(Abar 4:1-24; tYak 2:21-22; Ita 22:15-18)



## Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

### Gusozera-

Aburahamu gutanga Isaka kw'ikimazi, vyerekana ukwizera yari afise mu Mana. Igihe Imana yageza Aburahamu, yarizigiyeye atako arumvira. Haciye imyaka myinshi inkuru ya Aburahamu ibaye, Umusi umwe Imana yateguye ikimazi gitunganye, gishobora gukuraho ivyaha vy'abantu bese.

# HARI UBUZIMA INYUMA Y'URUPFU

Igice ca  
1-7

Ubuzima dufise inyuma y'urupfu, buri mu nzira zibiri: mw'ijuru canke mu muriro



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Ivyanditswe kuvyerekeye ubuzima bw'inyuma y'urupfu. Inyumay'urupfu abantu bamwe bazoja mw'ijuru abandi mu muriro. Ijuru ni ahantu Imana iba. Mw'ijuru tuzoba twuzuye umunezero, kuko tuzoba turi kumwe n'Imana. Umuriro ni ikibanza c'igihano gihambaye. Abantu bari mu muriro bazoba badandukanijwe n'Imana ibihe bidashira. Imana izocira abantu bose imanza.

Umurongo w'urufatiro: Ingero y'icaha n'urupfu; arikw' ingabire y'Imana n'ubugingo budashira, bubonerwa muri Kristo Yesu Umwami wacu. (Abar 6:23)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Bibiliya ikorsha imigani mu kutwigisha ukuri. Imigani ni inkuru nifise insiguro zihambaye. Muri uyu mugani, Umwana w'umuntu ni izina ry'Imana.

### **Igisomwa-**

Abacira uwundi mugani, at'Ubwami bwo mw'ijuru busa n'umuntu yabivye imbuto nziza mu ndimiro yiwe. Abantu basinziriye, haza umwansi wiwe abiba urwamfu mu buro hagati, arigira. Bumaze gusesa no kuyangika, urwamfu ruca ruraboneka. Abashumba ba nyen'urugo baraza bamubaza, bati Mbega mutungwa, ntiwabivye imbuto nziza mu ndimiro yawe? Non'urwamfu rwavuye hehe? Nawe ati N'umuntu w'umwansi yagize aryo. Ba bashumba baramubaza, bati Non'uragomba ko tugenda kurutorokanya? At'Oyaye, kuko kumbure mu kurandura urwamfu mworandurana n'uburo. Mureke bikurane vyompi gushitsa mw'igenya. Maze mu gihe c'igenya, nzobwira abagenyi, nti Mubanze mutorokanye urwamfu, muruhambire imikama, muruturire; arik'uburo mubwimbure mu kigeza canje...Na we arabishura, at'Ubiba imbuto nziza n'Umwana w'umuntu. Indimiro n'isi. Imbuto nziza nibo bana b'ubwami. Urwamfu n'abana ba wa Mubi. Umwansi yarubivye ni wa Murwanizi. Igenya n'umuheru w'isi. Abagenyi n'abamarayika. Nkuk'urwamfu rutorokamywa rugaturigwa mu muriro, niko bizoba k'umuheru w'isi. Umwana w'umuntu azotuma abamarayika biwe, nabo bazotorokanya ibitsitaza vyose n'abankoze ibizira, babikure mu bwami bwiwe. Bazobaterera mw'itanure ry'umuriro, ni ho hazoba amarira noryanya insya z'amenyo. Bun'abagorotsi bazokwaka nk'izuba mu bwami kwa se. Uri n'amatwi niyumve. (Mat 13:24-30,37-43)



## **Ututorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

(Ivyah 20:12-15,21-22; 1 Ab'I Tes. 4:13- 18; Yoh. 14:1-3; Ab'I Fil 3:20; Mat 13:47-50; 25:31-46; Marc. 9:47-48; Abah. 9:27)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Imana izocira urubanza abantu bose bamaze gupfa. Ijuru ni ikibanza c'ubuzima bwuzuye umunezero. Umuriro ni ikibanza cuzuye agahinda n'umubabaro.

# YESU KRISTO

Igice ca  
1-8

Yesu Kristo ni Imana yuzuye kandi ni Umuntu yuzuye



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Muri Bibiliya yose, Imana yashizeho umugambi wo gucungura abantu, kugira ngo habe uburyo bwo kugarukana imigenderanire yari yarahagaze hagati y'Imana n'abantu. Mu gihe gikwiye, Imana yarungitse umwana wayo Yesu Kristo guhuza abantu n'Imana.

Umurongo w'urufatiro: Nico gitumye Uhoraho ubwiwe ari we agira abihere ikimenyamenya: Raba, inkumi izosama inda, ivyare umwana w'umuhungu, izomwita Imanuweli. (Yes. 7:14)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Bibiliya itubwira ko Yesu yavutse mu muryango wa Dawidi, ukomoka kuri Aburahamu.

### **Igisomwa-**

Ukuvuka kwa Yesu Kristo kwabaye gurya: nyina Mariya yar'akowe na Yosefu ataramurongora bamubona afise inda yavuye kuri Mpwemu Yera. Ariko Yosefu, umugabo wiwe, kukw'ar'umugorotsi, kandi kukw'atagomvye ku mutetereza, yiyumvira kumubengera mu mpisho. Akiviyumvira umumarayika w'Umwami Imana amwiyerekera mu nzuzi, aramubarira ati Yosefu mwana wa Dawidi, ntutinye kurongora Mariya umugeni wawe, kukw'atway'inda ya Mpwemu Yera. Azovyara umwana w'umuhungu, nawe uzumwite Yesu, kukw'ari we azokiza abantu biwe ivyaha vyabo. Ivyo vyose vyabaye biryo ngw'ivyo Umwami Imana yavugiye mu kanwa k'uwavugishwa nawe biboneke, ngo Raba, inkumi izotwara inda, ivyare umwana w'umuhungu, Bazomwita Imaniweli, risobanurwa ngw'Imana iri kumwe natwe. Yosefu yikanguye aravyuka, agira nk'uk'umumarayika w'Umwami Imana ya mubariye, arongora umugeni wiwe. Kandi ntiyigera amwegera gushitsa aho yavyariye umwana w'umuhungu; araheza amwita YESU. (Mat. 1:18-25)



## **Uturorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

(Mat. 16:1-20; 26:63-64; Luk. 1:28-35; Yoh.1:1-14; 3:16; Ab'I Fil 2:5-11; Ab'iKol. 1:15-20; 2:9)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Yesu yari Imana yuzuye kandi yari Umuntu yuzuye. Yesu yaje kugira ngo ashireho imigenderanire yari yarahagaze hagati y'Imana n'abantu.

# UMUGAMBI W'IMANA WO KWUZURA N'ABANTU

Igice ca  
1-9

Guhana icaha nokugarukana imigenderanire



## Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo

Imana ikunda abantu base. Abantu baremewe gukunda Imana no kugirirana imigenderanire nayo. Satani yemeje Adamu na Eva kutumvira Imana. Kutumvira Imana ni icaha. Icaha cononye imigenderanire myiza yari hagati y'Imana n'abantu. Imana yasezeranye ko umusi umwe, mu ruvyaro rwa Adamu hazokomoka umuntu, azomena Satani umutwe. Imana yasezeranye ko izohezagira amahanga yose kubw uruvyaro rwa Aburahamu. Mugushitsa ayo masezerano, Imana yarungitse umwana wayo Yesu Kristo.

Umurongo w'urufatiro: Tgifise integer nke, mu gihe gikwiye Kristo yapfiriye abatubaha Imana. (Abar 5:6)



## Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.

### Intangamarara

Imana yarungitse umwana wayo w'ikinege, izina ryiwe ni Yesu Kristo. Ivuka ryiwe ryabaye igitangaza. Yari Imana yuzuye kandi yari Umuntu yuzuye. Yabayeho arakura ariko ntiyigeze akora icaha narimwe. Yakoze ibitangaza vyinshi kandi yigishije ivy'ubwenge bw'ukuri. Abarongozi b'idini benshi ntibemeye Yesu, bahitamwo ku mwica. Abatgets bakuru babajije yesu basanga nta caha afise. Kubwo kunezereza abantu, umutegets mu kuru yatanze Yesu ngo akubitwe yongere amanikwe ku musaraba. Umusaraba cari igikoresho guhasha inkozi z'ibibi. Imana ivuga yuko ivyaha vyacu vyatumye Yesu akubitwa akongera akicwa.

### Igisomwa-

Maz'abasoda b'ico cegera ca Kayisari bajana Yesu mw'iboma, bateraniriza ingabo zose kuri we. Bamwambura iziwe mpuzu bamwabmbika umutamana w'agahama, batsiba igitsibo c'amahwa, bakimwambika mu mutwe, bashira n'irenga mu kuryo kwiwe, baramupfukamira, baramucurira, bati Ndagize bwakeye Mwami w'Abayuda! Buvuma amate, bamushikura rya remnga, barimukubita mu mutwe. Bamaze kumucurira, bamwambura wa mutamana, bamwambik'iziwe mpuzu, bamujana kumubamba. Bikireng'irembo bakireng'irembo bahura n'umunya Kureni y'itwa Simoni, uyo baramufata kugira ngw'amutwa z'umusaraba. Bashitse ahantu hitwa i Gorogota, bisobanurwa ngw'ahantu hagahanga, bamuha vino ivanze n'umuti w'umururazi, ngwayinywe; ayumvirije yanka kuyinywa. Bamaze kumubamba, bagabura impuzu ziwe, bazipfindira, bicara hano baramurinda. Hejuru y'umutwe wiwe bahashira ikirego ciwe, canditswe canditswe ng'UYU NI YESU UMWAMI W'ABAYUDA. Maze babambana nawe abambuzizbabiri, umwe iburyo, uwundi bumoso... Uhereye kw'isaha ya gatandatu ubwira kabiri bukorana mu gihugu cose gushitsa isaha ya cenda... Yesu yongera gusemerera n'ijwi rirenga, umutima uraca. (Mat 27:27-38, 45,50)



## Uturorero: kuvomera no gutabira



## Iyindi mirongo: gututurira

(1Tim 1:15; 1Pet 2:24; Marc 10:45; Abany 1:7; Yoh 1:29; Yes. 53:5-6)



## Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)

### Gusozera-

Urupfu rwa Yesu ku musaraba, yabaye inzira y'imigenderanire idasanzwe hagayi y'Imana n'abantu. Yesu yatanze ikimazi cuzuye, gitunganye, catanzwe rimwe risa kubw'ivyaha vyacu. Yesu yapfuye mu gishingo cacu. Ntitwari tubereye guhabwa iyo ngabire idasanzwe. Imana yakoze irtyo ngo yerekane urukundo ku bantu bose. Abizeye Yesu Kristo bose, bakakira ingabire yiwe yatanze, biyunze n'Imana.



# YESU YARANESHEJE URUPFU

Igice ca  
1-10

Ukuzuka kwa Yesu Kristo kwagaragaje uwo ari We



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Igihe Yesu Kristo yari kw'isi, yavuze ko akwiye gupfa kubera ivyaha, hanyuma akazuka mu bapfuye. Yesu yarambwe, arapfa, arazuka. Igihe Yesu yazuka mu bapfuye, vyagaragaje noneho ko ari Imana. Ivyo yavuze n'ivyo yakoze vyose vyari ukuri.

Umurongo w'urufatiro: Kuko nabanje kubashikiriza ico nanje nahawe, y'uko Kristo yapfiriye ivyaha vyacu, nkukw'ivyanditswe bivuga, agahambwa, akazuka ku musu ugira gatatu nkukw'ivyanditswe bivuga. (1Ab'I Kor 15:3-4)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Yesu amaze gupfa, bamwe mu bagenzi biwe, bajanye umubiri wiwe kuwuhamba. Umutegetsi yategetse ko bazana ikibuye ki nini co kuzibira umunwa w'imva. Abasoda barinze imva kugira ngo abantu ntibaze kwiba ikiziga ca Yesu. Ku musu ugira gatatu Yesu apfuye, abagore babiri baje ku mva, basanga ibuye ryatembagaye, umumarayika yicaye kuriryo.

### **Igisomwa-**

Arik'umumarayika abwira ba bagore, ati mweho ntimutinye, kuko nzi ko murondera Yesu umwe yabambwa; ntari hano kuko yazutse nkuko yavuze. Ngo murabe ah'Umwami yar'aryanye. Ni mukwakwanye mubwire abigishwa biwe yuko yazutse mu bapfuye, kand'azobitangira imbere kuja I Galilaya, iyo niho muzomubonera. Bava ku mva ningoga, bari n'ubwoba n'akanyamuneza kenshi, birukanga kubibwira abigishwa biwe." (Mat 28:5-8)



## **Uturorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

(1Ab'i Kor 15:12-22; Abar 1:3-4; 8:33-34; Ivyak 2:22-24; 1Pet 1:3)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Yesu yarazutse mu bapfuye. Urupfu ntirwashobora kumuzibira kuko Yari Imana. Yabaye ikimazi gitunganye gikuraho icaha. Yesu ni Imana itanga ubugingo. Yesu yagarage ko Atari umwigisha mwiza canke umuvugishwa n'imana asanzwe gusa. Ahubwo yerekanye ko afise inkomezi zose ubutegetsi bwose kandi ko ari Umwami w'isi yose.

# NOKORA IKI NGO NKIRE?

Igice ca  
1-11

Izere



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Yesu yarapfuye, arazuka mu bapfuye kugira ngo abantu bose baronke ubugingo. Abantu bose bahamagariwe kwizera Yesu Kristo no kwemera yuko ari Umwana w'Imana. Abantu bose bashobora gukizwa igihano c'icaha ni bizera Yesu Kristo, bakaturisha akanwa yuko ari Imana. Abantu bose bafise guhitamwo kwizera Imana bagakiracanke kutayizera. Imanaigomba ko abantu bose bakira.

Umurongo w'urufatiro: Kuk'urukundo imana yakunze abari mw'isi, arirwo rwatumye itang'Umwana wayo w'ikigene, ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi arikw'ahabw'ubugingo budashira. Kukw'Imana itatumye Umwana wayo gucira abari mw'isi urubanza, ariko ngw'abari mw'isi bakizwe na we. (Yoh. 3:16-17)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Yesu amaze kuzuka mu bapfuye, yiyeretse abigishwa biwe. Umwe mu bigishwa yitwa Toma siho yar'ari. Toma ntiyari bwabone uherye igihe yabambwa. Kwemera ikintu ko ari ic' ukuri kandi utakibonye canke ngo uciyumvemwo bavyita "kwizera".

### **Igisomwa-**

Ariko Toma arwe Hasa, umwe wo muri bamwe cumi na babiri, ntiyari kumwe nabo aho Yesu yaza. Abandi bigishwa baramubwira, bati Twabonye Umwami, na we arabishura ati nintabona inkovu z'imambo mu biganza vyiwe, ngo nkoze urutoke rwanje mu nkovu z'imambo, ngo nshire urushi mu rubavu rwiwe, sinemera. Maze imisi munani ishize abigishwa bari mu nzu ukundi gusha, na Toma bari kumwe. Yesu araza, inzugi zari zugaye, abahagarara hagati, at'Amahoro abe muri mwebwe. Maze abwira Toma, ati Zana hano urutoke rwawe, urabe ibiganza vyanje; zanan'urushi,urushire mu rubavu rwanje,ntaco uba utizera ,arik'ube uwizereye. Toma aramwishura, ati Mwami wanje, kandi Mana yanje. Yesu aramubwira ati Wijewe n'uk'umbonye. Hahirwa abatarinze kubana yamara bakizera. Hariho n'ibindi bimenyetso vyinshi Yesu yakoreye imbere y'abigishwa, bitnditswe muri iki gitabo. Arikw'ibi vyandikiwe kugira ngo mwizere yuko Yesu ari we Kristo, Umwana w'Imana, no kugira ngo mwizereye mugire ubugingo mw'izina ryiwe. (Yoh 20:24-31)



## **Uturorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

(Abany. 2:8-9; Ab'i Gal 2:20;3; Ivyak. 10:43; 16:20-31; Abah. 11; Abar 6:23; 10:9-10; Yoh 3:16-21)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Yesu yahaniwe ivyaha vyacu. Ivyanditswe biuga ko abantu bazaronka ubugingo budashira, nibemera ko Yesu Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye. Ntushobora kuba umukiristo utizera Yesu Kristo. Ukwizera n'ukumenya rwose ivyizigirwa , ukizera Yesu Kristo naho utamubona. Ukwizera ni ukumenya ko Yesu yazutse mu bapfuye kugira ngo adukize ivyaha.

# TWOKWISHURA DUTE URUKUNDO RW'IMANA

Igice ca  
1-12

Ukwihana



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Ukwihana ni uguhinduka mu mutima no mu vyiyumviro. Ukwihana ni ugukora ibinyuranye n'ivyo Satani agomba. Ukwihana bisigura kwanka icaha nkuko Imana yanka icaha. Ukwihana kuzana ihinduka mu nyifato.

Umurongo w'urufatiro: Nukw'iyi misi y'ubutamenya, Imana yarayirengagije, ariko noneho, igera kw'abantu bose, bari hose bihana (Ivyak 17:30)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Yesu yabaye umwigisha mukuru kandi yagenda akora bitangaza, agakiza abarwaye bose. Aho Yesu yagenda, abantu bose baramukurikira.

### **Igisomwa-**

“ Ashika I Yeriko, arikw'arahaca. Harumuntu yita Zakayo, yar'umutozakori mukuru, kandi yar'umutunzi. Ageza kuraba Yesu, ngw'amenye ukw'asa, bimwankira kuw'ishengero, kuko yari mu gufi. Aririkanga, aja imbere, yurira igiti citwa umusokomaora ngw'amurabe kuko yagira ace mur'iyi nzira. Yesu ahashitse, ararangamiza, aramubariraati Zakayo, ururuka vuba, kuk'uyu umusi nkwiye kurara i wawe. Yururka vuba, amwakrana akanyamuneza. Babibonye, bose baridodomba, bati Koyinjye kurarira umuntu w'umunyavyaha! Zakayo arahagarara abwir'Umwami Yesu, ati Raba Mugenzi, umugabane w'itunga ryanje, ngira ndawuhe aboro; kand'umuntu wese nagunze ndabimurihe kane. Yesu amuvugako, at'Uyu musi agakiza gashitse mur'iyi nzu, kuk'uyu na we ar' umwana wa Aburahamu. Kand'Umwana w'umuntu yazanwe no krondera no gukia icari carazimiye.” (Luk 19:1-10)



## **Uturorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

(Ivyak 2:31-41; Mat 3:2; Mat. 4:17; Mark 1:15; Luk 15:13)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Ukwizera Yesu kuturongorera kakwihana. Iyo twihanye, mu mitima yacu no mu vyiyumviro vyacu harahinduka. Igihe imitima yacu n'ivyiyumviro vyacu bihindutse, ibikorwa vyo gukora ivyaha, birahinduka. Abizera bose bakizigira Yesu muri vyose, babaho mu buryo butandukanye n'abatizera kandi batizigira Yesu.

# NDI INCUTI YA YESU

Igice ca  
1-13

Guma mu rukundo rwiwe kubwo kwizigira



## **Intumbero Nyamukuru - Gutegura Indimo**

Nk'abigishwa ba Yesu, turi incuti z'Imana. Incuti z'Imana, zimenya Imana mu buryo budasanzwe. Incuti z'Imana zikunda Imana n'abantu bose. Incuti z'Imana zirizera zikumvira amategeko y'Imana.

Umurongo w'urufatiro: Ababaye intama zanje bumva ijwi ryanje, nanje ndabazi, nabo barnkurikira. (Yoh 10:27)



## **Inkuru ya Bibiliya : Kubiba imbuto.**

### **Intangamarara**

Yesu yabarira intumwa ziwe, akaziha inyigisho. Data yigisha nilmana Data.

### **Igisomwa-**

Filipo aramubwira ati Twereke So, bizoba bihaye. Yesu ramubwira ati Mbega ko twabanye namwe ighe kingana girtyo, nturakaruha umunya ga Filipo? Ubonye jewe aba abonye Data: non'uvug'ute ngo Twereke So?.. Nkuko Data yankunze, niko naje nabakunze : ni mugume mu rukundo rwanje. Nimwitondera ivyagezwe vyanje, muzoguma mu rukundo rwanje, nk'uko nanje nitondeye ivyagezwe vya Data, nkaguma mu rukundorwiwe. Ivyo ndabibabwiye kugira ngo umunezero wanjye ube muri mwebwe kandi n'umunezero wanyu wuzuzwe. Ngiki icagezwe canje: ni mukundane nk'uko nabakunze. Ntwogira urukundo ruruta uk'umuntu yigura abakunzi biwe. Mur'abakunzi banje nimwakora ivyo mbagera. Sinkibita abashumba, kuk'umushumba atamenya ico shebuja akora; ariko mweho nabise abakunzi, kukw'ivyo numvanye Data vyose nabibamenyesheje. (Yoh 14:8-9; 15:9-15)



## **Uturorero: kuvomera no gutabira**



## **Iyindi mirongo: gututurira**

(Yoh 14:15-23; 1 Yoh 4:7-8; 1 Yoh 5:1-5)



## **Gusuzuma: kuraba ko imbuto yeze. (2Tim 3:16-17)**

### **Gusozera-**

Nk'abigishwa ba Yeu Kristo, turi incuti z'Imana. Nk'incuti z'Imana, tubwirizwa kwumva ijwi ryayo kandi tukumvira. Nk'incuti z'Imana, tubwirizwa gukunda nk'uko Yesu yadukunze.



# URUFATIRO/UMUSHINGE

## KUBA MURI KRISTO

*Ni mugume muri jewe, nanje ngume muri mwebwe. Nk'ukwishami ritabasha kwama ubwaryo ritagumye mu muzabibu, niko namwe mutabibasha, mutagumye muri jewe. (Yoh. 15:4)*

### Urupapuro

#### Urutonde

<b>2-1 UKWIYE KUBATIZWA.....</b>	<b>34</b>
<i>Isere Umwami</i>	
<b>2-2 TURI UMUCO W'ISI.....</b>	<b>34</b>
<i>Barira ab'isi Yesu uwo ari we</i>	
<b>2-3 SUBIZA HAMWE N'ABANDI.....</b>	<b>35</b>
<i>Harira abakugiriye nabi</i>	
<b>2-4 NTUGASAMBANE.....</b>	<b>35</b>
<i>Ntukifuze umugore canke umugabo w'uwundi.</i>	
<b>2-5 KWABIRANA GUKWIYE KUBA UKWERA.....</b>	<b>36</b>
<i>Imana ntishima ukwahukana</i>	
<b>2-6 UKO TWOKWIFATA MU KARENGANYO.....</b>	<b>36</b>
<i>Baho uri akarorero k'urukundo rw'Imana</i>	
<b>2-7 KUNDA ABANSI Bawe.....</b>	<b>37</b>
<i>Imana ikunda abantu bose</i>	
<b>2-8 HA ABANDI.....</b>	<b>37</b>
<i>Imana yitwararika abkene</i>	
<b>2-9 GUSENGA.....</b>	<b>38</b>
<i>Kuganira no kwumviriza Imana</i>	
<b>2-10 BIKA UBUTUNZI MW'IJURU.....</b>	<b>38</b>
<i>Twubahishe Imana ubugingo bwacu n'ivyo dufise</i>	
<b>2-11 NTUKIGANYIRE.....</b>	<b>39</b>
<i>Imana irazi kandi iritwararika ubukene bwacu</i>	
<b>2-12 NTUGACIRE IMANZA ABANDI .....</b>	<b>39</b>
<i>Imana ni yo mucamanza</i>	
<b>2-13 SABA-RONDERA -RAMUTSA.....</b>	<b>40</b>
<i>Imana irishura isengesho ririmwo inkomezi</i>	

# UKWIYE KUBATIZWA

*Isere Umwami*

Igice ca  
2-1

Ivyak 8:5-13

## Iciyumviro nyamukuru

Kubatzwa mu mazi ni itegeko ry'Imana. Bibiliya ivuga ko tumaze kwakira Yesu Kristo, dukwiye kubatzwa. Kubatzwa ni igihe abizera Kristo bashasha babatijwe mu mazi. Kubatzwa ni igicapu co kuvuka ubwakari, cerekana ko tubaye abakristo. Kubatzwa guha abandi igicapu ko tubaye abigishwa ba Yesu Kristo.

Umurongo w'urufatiro: Nuko ni mu gende, muhindure amahanga yose abigishwa, mu babatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera... (Mat 28:19)

## Igisomwa- IVYAK 8:5-13

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Ivyak 2:38; 18:8; Abaro 6:4-5; Ab I Kol 2:12; Ab'I Gal 3:27)

# TURI UMUCO W'ISI

*Barira ab'isi Yesu uwo ari we*

Igice ca  
2-2

YOH 4:28-42

## Iciyumviro nyamukuru

Umukristo ni umwigishwa wa Yesu Kristo. Ivyandtswe bivuga yuk'umukristo akwiye kuba umuco mukwerekera ab'isi Yesu uwo ari we.

Umurongo w'urufatiro- Mur'umuco w'isi. Igisagara cubatswe ku mpinga y'umusozi ntigishobora guhishwa. Ntawodomeka itara ngo baryubikekw'igisimbo, ariko barishira ku gitereko caryo, ngo riboneshereze abari mu nzu bese. Abe ari k'umuco wanyu ubonesha imbere y'abantu, ngo babone ibikorwa vyanyu vyiza, bahimaze So wo mw'ijuru. (Mat. 5:14-16)

## Igisomwa- YOH. 4:28- 42

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Ivyak 1:8; Mark 16:15-16; Luk 11:33-36)

# SUBIZA HAMWE N'ABANDI

*Harira abakugiriye nabi*

**MATAYO 18:23-35**

Igice ca  
**2-3**

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije intumwa ziwe kubana amahoro hagati yabo. Abakristo bigishijwe kuba abagwaneza ku bandi bantu no gutanga imbabazi kuri abo bose babagiriye nabi. Kubana amahoro, ni ukwagura imbabazi kuri abo bose bakugiriye nabi.

Umurongo w'urufatiro: Niwajana ishikanwa ryawe ku gicaniro, ukahibukira ko har'ico upfa na mugenza we, usage ishikanwa ryawe imbere y'igicaniro, ubanze ugende wikiranure na ugenza we, uce ugaruka, ushikane ishikanwa ryawe. (Mat 5:23-24)

## Igisomwa- MAT. 18:23-35

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mat. 6:14; Luk 11:4; 17:3-4; 2 Ab' I Kor. 2:5-11; Ab'I Kol 3:12-14; Abany 4:32; Mark 11:25-26)

# NTUGASAMBANE

*Ntukifuze umugore canke umugabo w'uwundi*

**2 SAMWELI 12:1-9**

Igice ca  
**2-4**

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije intumwa ziwe kudasambana, kandi yigishije y'uko kwifuza umudi muntu ari icaha.

Umurongo w'urufatiro: Mwarumvise ko vyanditswe, ngo Ntugasambane, ariko jehi ndababwira yuk'umuntu wese araba umugore akamwifuza, aba amaze gusambana nawe mu mutima wiwe. (Mat. 5:27-28)

## Igisomwa- 2 SAMWELI 12:1-9

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Kuv 20:14; Abah 13:4; Abany 5:3-5; 1 Kor 6:13-20; Kol 3:1-11; 1 Tess 4:3-8; Imig 6:32).



# KWABIRANA GUKWIYE KUBA UKWERA

*Imana ntishima ukwahukana*

Matayo 19:3-9

Igice ca  
2-5

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije kokwabirana ari ukwera kandi ko ari ukw'igicro kinini ku Mana.

Umurongo w'urufatiro: Ariko jeho ndababwira, yuk'umuntu wese yirukana umugore wiwe atamuhoye ubusambanyi, aba amusambanishije: kand 'uwbira uwahukanye azoba asambanye. (Mat.5 :32)

## Igisomwa- MAT. 19:3-9

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Abany. 5:21-28; Ita 2:20-24; 1 Kor 7)

# UKO TWOKWIFATA MU KARENGANYO

*Baho uri akarorero k'urukundo rw'Imana*

LUK 22:47-53

Igice ca  
2-6

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije intumwa ziwe uko bokwifata mu karenganyo. Yigishije intumwa ziwe kutihora ababagiriye nabi. Yavuzeko abakristo bakwiye kuba akarorero keza k'urukundo no kugiriraneza abantu bose.

Umurongo w'urufatiro: Ariko jeho ndababwire:ntimurwanye umunyakibi: ugukubise urushi mu musaya w'iburyo umuhindukirize n'uwundi; Umuntu niyagomba kukuburanya ngw'akunyage ipfundo, umuhebere n'umutamana; ugufata ng'umurenze umusozizumwe, umurenze n'uwa kabiri. (Mat.5 :39-41)

## Igisomwa- LUK 22:47-53

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Luk 6:32; Abany.5:1-2; Rom. 11:17-21; Yoh.4:7-8; 13:34; Mark 12:28-31; 1 Pet. 1:22;3:9; 1 Yoh. 3:11; 1 Kor 4:12; 2 Kor 12:10)

# KUNDA ABANSI BAWE

*Imana ikunda abantu bose*

LUKA 23 :26-43

Igice ca  
2-7

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije intumwa ziwe gukunda no gusengera abansi babo. Yavuze ko bigoye gukunda abatugiyeye nabi. Yabwiye intumwa ziwe ko batandukanye n'abandi bantukuko babwirizwa gukunda abagoye gukunda.

Umurongo w'urufatiro: Ariko jehi ndababwire: mukunde abansi banyu, musabire ababhama, kugira ngo mube abana baso wo mw'ijuru, kukw'atuma izuba ryiwe rirasira ababi n'abeza, kandi aha imvura abagororotsi n'abagabitanya. (Mat.5 :44-45)

## Igisomwa- LUKA 23 :26-43

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mark 12:28-31; Yoh 13:34; Rom 12:17- 21; Luk 6:27-38)

# HA ABANDI

*Imana yitwararika abakene*

MAT 25:32-46

Igice ca  
2-8

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije intumwa ziwe ibijanye no kwitwararika abakene. Abigishwa ba Yesu ntibategerezwa guha abakene kugira ngo babonwe n'abantu. Iyo abakristo bahaye abakene babonwa n'Imana kandi niyo izobahemba mw'ijuru.

Umurongo w'urufatiro: Ariko wewe niwagira ubuntu, ntumenyeshe ukubamfu kwawe ico ukuryo kwawe gukora, kugira ngo ubuntu bwawe bugirwe mu mpisho: kandi So, abona ibihishjwe, azoguhera. (Mat. 6 :3-4)

## Igisomwa- MAT 25:32-46

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Imig. 19:17; Imig. 28:27; Zab 82:3; Mat. 5:42; Mat. 19:21; Yer. 22:3)

# GUSENGA

*Kuganira no kwumviriza Imana*

Igice ca  
**2-9**

**Ivyak 12:5-17**

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije intumwa ziwe gusenga ubudasiba. Gusenga kuganira no kwumviriza Imana. Iyo dusenga, Imana iratwumviriza.

Umurongo w'urufatiro: Ariko weho iy'usenga, uje haruguru munzu yawe, wugare urugi, usenge So aba mu mpisho azuguhera. (Mat.6 :6)

## Igisomwa- Ivyak 12:5-17

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mt. 5:44;1:11; Yer. 29:12; Ivyak 1:14; Zab 32:5-11; Yer 42:3; 1 Tes 5:17)

# BIKA UBUTUNZI MW'IJURU

*Twubahishe Imana ubugingo bwacu n'ivyo dufise*

Igice ca  
**2-10**

**YOH 12:1-8**

## Iciyumviro nyamukuru

Ingero abantu bazoranka mw'ijuru izova uko bubaha Imana mu bugingo bwabo no muvyo batunze bakiri mw'isi. Abakiristo bakwiye kubaho bizigiye impera bazoranka mw'ijuru.

Umurongo w'urufatiro: Ntikmukirundanirize ubutunzi mw'isi, ah'inyenzi n'ingese bibumara, n'ibisuma bikimba bikabumara. Ariko mwirundanirize ubutunzi mw'ijuru, ah'inyenzi n'ingese bitabumara, hatariyo n'ibisuma vyimba ngo vyibe. Kukw'ah'ubutunzi bwawe buri, ari ho umutima wawe uzoba. (Mat.6 :19-21)

## Igisomwa- YOH 12:1-8

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Tim 6:17-19; Luk 12:32-34; 1 Kor 3:10-17; Mark 8:34-38)

# NTUKIGANYIRE

*Imana irazi kandi iritwararika ubukene bwacu*

Mariko 4:35-41

Igice ca  
2-11

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu avuga ko yitwararitse ubuzima bwacu kandi azodufasha mu ngorane zacu. Igihe twiganyira kuvy'ubugingo bwacu, ntikwizera tubadufise muri Yesu Kristo.

Umurongo w'urufatiro: Ntimukiganyire ivy'ejo, kuk'umusi w'ejo uzoba wiganyira ivyayo; umusi ukwiranye n'amagorwa yawo. (Mat.6 :34)

## Igisomwa- Mariko 4:35-41

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Imig 3:5-6; Luk 12:22-25; Abah. 11:8-12; Gal 2:20; 1 Pet 1:21)

# NTUGACIRE IMANZA ABANDI

*Imana ni yo mucamanza*

Yoh 8:2-11

Igice ca  
2-12

## Iciyumviro nyamukuru

Ni bibi gucira imanza abandi. Abantu bose ni abanyavyaha. Imana yonyene niyo ishora gua imanza zibereye.

Umurongo w'urufatiro: Ntimugahinyurire mu mitima yanyu, namwe mukazohinyurwa. Kuko, uko muhinyura abandi, ariko muzohinyurwa namwe; kand'ingero mugeramwo muzoyigererwamwo namwe . Urabira iki akabango kari mu jisho rya mugenza we, kand'inkingi iri mu jisho ryawe ntuyitegereze? (Mat.7 :1-3)

## Igisomwa- Yoh 8:2-11

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Yak 4:12; Yoh. 8:14-18; 1 Kor 4:3-5; Luk 6:37)





# IBIHOME/IBIBAMBAZI

## UBUGINGO BUSAGUTSE

*Igisuma ntikizanza n'ikindi, atar'ukwiba, n'ukwica, n'ugutikiza; nanje jehozazanwe no kugira ngo zironke ubugingo, kandi go ziburonge busagutse. (Yoh. 10:10)*

### Urupapuro

#### Urutonde

<b>3-1 SENGERA HOSE.....</b>	<b>42</b>
<i>Yesu aduhamagarira kumukurikira</i>	
<b>3-2 KURIKIRA KRISTO.....</b>	<b>42</b>
<i>Gukurikira Kristo bidusaba kumwizigira</i>	
<b>3-3 KURIKIRA KRISTO .....</b>	<b>43</b>
<i>Abakurikira Kristo bazana abandi kuri We</i>	
<b>3-4 BWIRA ABANDI IVYA YESU.....</b>	<b>43</b>
<i>Kurongorera abandi gukurikira Yesu</i>	
<b>3-5 BWIRA ABANDI IVYA YESU.....</b>	<b>44</b>
<i>Bwira abandi bantu inkuru nziza</i>	
<b>3-6 BWIRA ABANDI IVYA YESU.....</b>	<b>44</b>
<i>Abantu benshi bariteguye kwumva ubutumwa</i>	
<b>3-7 GUKUNDA IMANA.....</b>	<b>45</b>
<i>Kugiririra imidenderanire n'Imana n'ikintu ngirakamaro</i>	
<b>3-8 GUKUNDA IMANA.....</b>	<b>45</b>
<i>Kumenya umwungere mwiza</i>	
<b>3-9 GUKUNDA IMANA.....</b>	<b>46</b>
<i>Kubana mu bumwe n'abandi bigishwa ba Kristo</i>	
<b>3-10 GUKUNDA IMANA.....</b>	<b>46</b>
<i>Kuba umuco w'isi</i>	
<b>3-11 GUHINDURA ABANDI ABIGISHWA.....</b>	<b>47</b>
<i>Ragira intama zanje</i>	
<b>3-12 GUHINDURA ABANDI ABIGISHWA.....</b>	<b>47</b>
<i>Iyo turiko duhindura abandi abigishwa, Yesu abana natwe</i>	
<b>3-13 GUHINDURA ABANDI ABIGISHWA.....</b>	<b>48</b>
<i>Gukomezano gutera integer abizera</i>	

# SENGERA AHO ARIHO HOSE

*Imana ishaka amasengesho y'ukuri*

Mal 1:8-14

Igice ca  
3-1

## Iciyumviro nyamukuru

Imana ntinezerezwa n'amasengesho adashitse. Imana ntinezerezwa no kuja mu bikorwa bisanzwe, maze ukavyitirira amasengesho. Imana iriritwararitse inyifato y'imitima yacu. Imana isezerana ko, aho bari hose, bazogira umutima wo gusenga.

Umurongo w'urufatiro: Twumvise indirimbo zituruka ku mpera y'isi, zit'Icubahiro kibe ic'umugororotsi. (Yes. 24:16)

## Igisomwa- Mal 1:8-14

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Yes 24:16;25:3; Yoh 4:23-24)

# KURIKIRA KRISTO

*Gukurikira Kristo bidusaba kumwizigira no kumwizera*

Mat 19:16-22

Igice ca  
3-2

## Iciyumviro nyamukuru

Gukurikirakrsto, bisigura gushira ukwizigira n'ukwizera kwacu muri we. Ikintu ico arico cose kiri mu bugingo bwacu, dushobora wizigira tukizera, gishobora kuba intambamyi yo gukurikira Kristo.

Umurongo w'urufatiro: Buno Yesu abwira abigishwa biwe, at'Umuntu niyagomba kunkurikira, ni yiyanke, yikorere umusaraba wiwe, ankuikire. Kuk'ugomba gukiza ubugingo bwiwe, azobubura, ari k'uzoheba ubugingo bwiwe ku bwanje azoburuka. (Mat. 16:24-25)

## Igisomwa- Mat 19:16-22

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mat. 6:19-21; Imig. 3:5-6; Rom 15:13; 1 Tes 1:3)



# KURIKIRA KRISTO

*Abakurikira Kristo bazana abandi kuri We*

Mark 2:13-17

Igice ca  
3-3

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yaje kurondera no gukiza icari carazimiye. Kuba umwigishwa wa Kristo, bisobanurwa ko turondera abazimiye nkuko Yesu yabikoze.

Umurongo w'urufatiro: Buno Yesu abwira abigishwa biwe, at'Umuntu niyagomba kunkurikira, ni yiyanke, yikorere umusaraba wiwe, ankuikire. Kuk'ugomba gukiza ubugingo bwiwe, azobubura, ari k'uzoheba ubugingo bwiwe ku bwanje azoburuka. (Mat. 16:24-25)

## Igisomwa- Mark 2:13-17

### Iyindi mirongo: Gututurira

( Imig 19:17; Luk. 15:1-31; 19:10; Gal 6:9-10; Yak 3:18)

# BWIRA ABANDI IVYA YESU

*Rongora abandi gukurikira Yesu*

Luk 5:1-11

Igice ca  
3-4

## Iciyumviro nyamukuru

Imana ishaka kugiriranira imigenderanire myiza n'abantu bose. Nk'abigishwa ba Yesu Kristo, dukwiye kurongor abantu ngo bagiriranire nawe imigenderanire myiza.

Umurongo w'urufatiro: None bazokwambaza bate uwo batarizera? Kandi bazokwizera bate uwu batarumva? Kandi bakwumva bate, atawabasiguriye ivyiwe? Kandi bazosigura ivyiwe bate, batatumwe? Nk'uko handitswe, ngw'Ewe kuntu ibirenge vy'abazanye ubutumwa bw'ivyia ari vyiza! (Abar 10:14-15)

## Igisomwa- Luk 5:1-11

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mat. 28:18-19; 2 Pet. 3:9; Yah 4:39-42)

# BWIRA ABANDI IVYA YESU

*Bwira abandi bantu inkuru nziza*

Igice ca  
**3-5**

**Ivyak 16:9-15**

## Iciyumviro nyamukuru

Imana isaba abantu gusangira inkuru nziza ya Yesu n'abandi. Abantu bose bakwiye kugira uburenganzira bwo kwumva inkuru nziza y'ivya Yesu.

Umurongo w'urufatiro: None bazokwambaza bate uwo batarizera? Kandi bazokwizera bate uwu batarumva? Kandi bakwumva bate, atawabasiguriye ivyiwe? Kandi bazosigura ivyiwe bate, batatumwe? Nk'uko handitswe, ngw'Ewe kuntu ibirenge vy'abazanye ubutumwa bw'ivya ari vyiza! (Abar 10:14-15)

## Igisomwa- Ivyak 16:9-15

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mat. 10:7-8; 28:19-20; Mark 16:15; 1 Kor 2:1-5; Abar 1:16-17)

# BWIRA ABANDI IVYA YESU

*Abantu benshi bariteguye kwumva ubutumwa bwiza*

Igice ca  
**3-6**

**Luk 10:1-9**

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu avuga ko ivyimbura ari vyinshi ariko abimbuzi bakaba bake. Hari abantu benshi bariteguye kwumva ubutumwa bwiza bw'ivya Yesu Kristo. Abigishwa ba Yesu Kristo bategerezwa gusangira n'abandi ivya Yesu Kristo.

Umurongo w'urufatiro: None bazokwambaza bate uwo batarizera? Kandi bazokwizera bate uwu batarumva? Kandi bakwumva bate, atawabasiguriye ivyiwe? Kandi bazosigura ivyiwe bate, batatumwe? Nk'uko handitswe, ngw'Ewe kuntu ibirenge vy'abazanye ubutumwa bw'ivya ari vyiza! (Abar 10:14-15)

## Igisomwa- Luk 10:1-9

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Mat. 9:35-38; Yoh. 4:35-38; Yes 6:8; Ab'i Gal 6:9-10)

# GUKUNDA IMANA

*Kugiririra imidenderanire n'Imana ni ikintu ngirakamaro*

Luk 10:38-42

Igice ca  
3-7

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yabwiye abagishwa biwe ibintu vyinshi bakwiye gukora. Ikintu nyamukuru yababwiye gukora ni ukugiririra imigenderanire n'Imana.

Umurongo w'urufatiro: Kandi mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose, n'ubwenge bwanyu bwose, n'inkomezi zanyu zose. (Mark 12:30)

## Igisomwa- Luk 10:38-42

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Yoh 14:15; Mat. 11:28-30; Ab'i Fil. 2:1-13; Luk 6:47-49)

# GUKUNDA IMANA

*Kumenya umwungere mwiza*

Yoh 10:7-14

Igice ca  
3-8

## Iciyumviro nyamukuru

Abagishwa ba Yesu bategerezwa gukunda Imana uko bari kwose. Natwe uko turi kwose dukwiye gukunda Imana.

Umurongo w'urufatiro: Kandi mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose, n'ubwenge bwanyu bwose, n'inkomezi zanyu zose. (Mark 12:30)

## Igisomwa- Yoh 10:7-14

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Zab. 23; Zab. 100; Mat. 9:35-36)

# GUKUNDA IMANA

*Kubana mu bumwe n'abandi bigishwa ba Kristo*

**Ivyak 4:29-35**

Igice ca  
**3-9**

## Iciyumviro nyamukuru

Ishengero ni abizera Yesu Kristo. Imana igomba kubona ishengero riri mu bumwe

Umurongo w'urufatiro: Irya kabiri ngiri, Mukunde bagenzi banyu nk,uko mwikunda. (Mark 12:31)

## Igisomwa- Ivyak 4:29-35

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Kor 12:12-31; 14:26; Abny 4:1-16; Abar 12:3-21)

# GUKUNDA IMANA

*Kuba umuco w'isi*

**Luk 10:30-37**

Igice ca  
**3-10**

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu Kristo yigishije intumwa ziwe gukunda abantu. Abakristo basabwa gushikana ubutumwa bw'ivyizigiro n'amahoro mw'isi. Abakristo bigishijwe kwereka abafise ubukene urukundo rw'imana.

Umurongo w'urufatiro: Irya kabiri ngiri, Mukunde bagenzi banyu nk,uko mwikunda. (Mark 12:31)

## Igisomwa- Luk 10:30-37

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1Yoh. 3:16-18; 4:7-12; Yoh. 13:34-35; Mat. 5:14-16; Abany. 4:1-3; 1 Kor 13)

# GUHINDURA ABANDI ABIGISHWA

*Ragira intama zanje*

Yoh 21:12-17

Igice ca  
3-11

## Iciumviro nyamukuru

Urukundo rw'Imana rudutera integer zokwigisha no kwitwararika abandi.

Umurongo w'urufatiro: Muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebwe, mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze, nkukw'Imana igomba: ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo. (1Pet 5:2)

## Igisomwa- Yoh 21:12-17

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Ab i Tes. 5:11; Mat. 28:19-20; 2Tim 2:2; 4:2-5; Ivyak. 20:28; 1Ab'i Kor 9:16-18)

# GUHINDURA ABANDI ABIGISHWA

*Iyo turiko duhindura abandi abigishwa, Yesu abana natwe*

Mat 28:16-20

Igice ca  
3-12

## Iciumviro nyamukuru

Yesu yakunze abantu bose kuburyo yasavye abigishwa biwe kubahindura intumwa. Yeau yasezeraniye abamwizera bose ko azobana nabo uku bazogenda bahindura abandi intumwa.

Umurongo w'urufatiro: Muragire ubusho bw'Imana bwo muri mwebwe, mutaburagira nk'abagoberewe, ariko mubikunze, nkukw'Imana igomba: ntimuburagirishwe no kurondera inyungu mbi, ariko muburagire mushize igikonyo. (1Pet 5:2)

## Igisomwa- MAT. 28:16-20

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Yoh. 14:15-11; Abah. 13:5-6; 2 Tim. 2:2; Ivyak. 2:42-47)





# IGISENGE

## UKURI NYA KURI

*Kandi muzomenya ukuri, kand'ukuri kuzobaha kwidegemvya. (Yoh. 8:32)*

### Urupapuro

#### Urutonde

<b>4-1 IMANA.....</b>	<b>50</b>
<i>Hari Imana imwe rudende</i>	
<b>4-2 YESU.....</b>	<b>50</b>
<i>Yesu ni Umwana w'Imana</i>	
<b>4-3 MPWEMU YERA.....</b>	<b>51</b>
<i>Abizera Yesu Kristo, bakeneye Mpwemu Yera</i>	
<b>4-4 URUKUNDO NO GUHARIRA.....</b>	<b>51</b>
<i>Yesu yaje kwerekana urukundo no guharira</i>	
<b>4-5 GUTSINDANISHIRIZWA IMBERE Y'IMANA.....</b>	<b>52</b>
<i>Tahura ko turi kure y'ukugororoka kw'Imana</i>	
<b>4-6 UBWAMI BW'IMANA.....</b>	<b>52</b>
<i>Kuvuka ubwa kabiri mu buryo bw'Impwemu</i>	
<b>4-7 BIBILIYA.....</b>	<b>53</b>
<i>Ukuri kwanditswe kuva ku Mana</i>	
<b>4-8 ISHENGERO.....</b>	<b>53</b>
<i>Abizera Kristo baba mu bumwe</i>	
<b>4-9 UMUCO W'ISI.....</b>	<b>54</b>
<i>Erekana umuco wa Kristo</i>	
<b>4-10 IBIHE BIDASHIRA.....</b>	<b>54</b>
<i>Kubana n'Imana ibihe bidashira/ kuba mu gihano ibihe bidashira</i>	
<b>4-11 GUCA AMATEK.....</b>	<b>55</b>
<i>Yesu azocira abantu bose urubanza</i>	
<b>4-12 INGABURO YERA.....</b>	<b>55</b>
<i>Akamaro ko kwibuka urupfu rwa Kristo kubw'ivyaha vyacu</i>	
<b>4-13 UMUBATIZO.....</b>	<b>56</b>
<i>Kwatura kumugaragarako ukwizera kwacu muri Kristo</i>	



# IMANA

*Hari Imana imwe rudende*

Igice ca  
4-1

Ivyak. 17:22-31

## Iciyumviro nyamukuru

Hari Imana imwe rudende. Bibiliya idutahuza Imana ayo ari yo n'uko imeze. Bibiliya itwerekako abakristo dukwiye gusenga Imana imwe rudende, kandi ko gusenga izindi mana ari ukutumvira Imana rurema.

Umurongo w'urufatiro: Uhoraho Imana yacu ni we Uhoraho wenyene. (Mark 12:29)

## Igisomwa- Ivyak. 17:22-31

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Gus. 6:4-5; 1 Tim 2:5-6; Ita 1:1; Ivyah. 1:8; Mark. 12:32)

# YESU

*Yesu ni Umwana w'Imana*

Igice ca  
4-2

Mat 17:1-8

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu ataraza kw'isi, yabana n'imana mw'ijuru. Yesu ni umwana w'ikinege w'Imana. Inyuma yogupfa nokuzuka mu bapfuye, Yesu yasubiye mw'ijuru kwa Se. Kugira dutahure, kandi dusenge Yesu mu buryo bubereye, dutegerezwa kumenya ko Imana Data na Yesu ko iri umwe.

Umurongo w'urufatiro: Ivyo vyose vyabaye biryo ngw'ivyo Umwami Imana yavugiyemo mu kanwa k'uwavugishwa na we biboneke, ngo raba inkumi izotwara inda, ivyare umwana w'umuhungu, Bazomwita Imanweli; risobanurwa ngw'imana iri kumwe natwe. (Mat 1:22-23)

## Igisomwa- Mat 17:1-8

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Abah. 1:1-3; Yoh. 1:1-5; Ab'I Kol. 1:15-20; 2:9; Ab'I Fil. 2:5-11; Yoh. 3:16)

# MPWEMU YERA

*Abizera Yesu Kristo, bakeneye Mpwemu Yera*

Ivyak 2:1-17

Igice ca  
4-3

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije abigishwa biwe, ko kugirirana imigenderanire na Mpwemu Yera ari ikintu gikuru. Yesu yari afitaniye imigenderanire myiza na Mpwemu Yera. Mpwemu Yera ni umufasha azorongora abizera Yesu mu kuri. Mpwemu Year aha abizera ubushozi. Uyu musi ku bizera iyo migenderanire iguma ari nkenerwa.

Umurongo w'urufatiro: Nanje nzosaba Data, new azobaha uwundi mwitsa, ngw'az'abane namwe ibihe bidashira, ni we Mpwemu w'ukuri, uwo ab'isi badashobora kwakira, kuko batamubona, kandi batamuzi; mweho muramuzi, kukw'abana namwe kand'azoba muri mwebwe. (Yoh. 14:16-17)

## Igisomwa- Ivyak 2:1-17

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Yoh 16:13; Ivyak. 1:8; Luk 11:13; 1Ab'i Kor 12:7-11, Ab'i Gal 5:16, 22-23)

# URUKUNDO NO GUHARIRA

*Yesu yaje kwerekana urukundo no guharira*

Yoh 8:2-11

Igice ca  
4-4

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yerekanye urukundo rw' Imana no guharira abantu bose. Nk'abigishwa ba Yesu Kristo, dukwiye kugaragaza urukundo rw'Imana no guharira ku bantu bose.

Umurongo w'urufatiro: Ngiki icagezwe canje ni mukundane, nk'uko nabakunze. (Yoh 15:16)

## Igisomwa- Yoh 8:2-11

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Yoh 2:8-11; 3:16;4; Yoh 15: 12-17)

# GUTSINDANISHIRIZWA IMBERE Y'IMANA

*Tahura ko turi kure y'ukugororoka kw'Imana*

Luk 18:10-14

Igice ca  
4-5

## Iciyumviro nyamukuru

Abantu bose ntibashobora gushikira ukugororoka kw'Imana. Ntidushobora kwigira beza mu gukora ibintu vyiza. Dutegerezwa kumenya ibicumuro vyacu, maze tugasaba Imana imbabazi. Mu gihe dusavy'Imana imbabazi, duca dutsindanishirizwa imbere yayo.

Umurongo w'urufatiro: Bose bakoz'ivyaha ntibashikir'ubwiza bw'Imana (Abar 3:23)

## Igisomwa- Luk 18:10-14

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Abar. 3:24; 4:4-5; 4:25; 5:1-2; 5:8-10; 10:10; Yak. 2:20-26)

# UBWAMI BW'IMANA

*Kuvuka ubwa kabiri mu buryo bw'Impwemu*

Yoh 3:1-8

Igice ca  
4-6

## Iciyumviro nyamukuru

Kenshi na kenshi, Yesu yavugaga ivy'Ubwami bw'Imana. Ubwami bw'Imana n'ukuganza kw'Imana. Abizera Kristo ni abana b'ubwo bwami. Nta numweashobora kububona atavutse ubwa kabiri.

Umurongo w'urufatiro: Nuko rer'umuntu wese iy'ari muri Kristo abar'icaremwe gisha: ivyakera biba bihise, vyose biba bicitse bisha. (2 Ab'i Kor 5:17)

## Igisomwa- Yoh 3:1-8

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1Pet 1:23; Abar 6:4; Ivyak. 1:3; Yoh 18:36; 2 Tim. 4:18; 2 Pet. 1:11)

# BIBILIYA

*Ukuri kwanditswe kuva ku Mana*

**Mat 4:1-11**

Igice ca  
**4-7**

## Iciyumviro nyamukuru

Bibiliya ni ivyanditswe vyera kandi vy'inkomezi. Ukuri kwo muri Bibiliya gufise ububasha bwo guhindura imitima bo n'ivyiyumviro vyacu. Bibiliya ni inkuru itubwira Imana iyo ari yo. Bibiliya kandi nico gitabu conyene cakomotse mu Mana.

Umurongo w'urufatiro: Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira ikimazico kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka: kugira ng'umuntu w'Imana abe ushitse, afise ibimukwiye vyose, ngw'akore igikorwa ciza cose. (2 Tim 3:16-17)

## Igisomwa- Mat 4:1-11

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Abar. 10:17; Abany. 6:13-17; 2 Pet. 1:20-21; Zab 119; Yak. 1:21)

# ISHENGERO

*Abizera Kristo baba mu bumwe*

**Ivyak 6:1-7**

Igice ca  
**4-8**

## Iciyumviro nyamukuru

Igihe Yesu yaduga mw'ijuru kwa Se, yasize ishengro ngo rimuserukire mw'isi. NK'abizera Kristo, dukwiye kubana mu bumwe n'abandi bizera Kristo, tugateran'intege mu kwizera. Ishengero ni umubiri wa Kristo kandi Yesu ni umutwe w'ishengero.

Umurongo w'urufatiro: Nanje ndakubwira y'ukuri Petero kandi kur'urwo rutare nzorwubakakw'ishengero rynje, kand'amarembo y'i kuzimu ntazorishobora. (Mat. 16:18)

## Igisomwa- Ivyak 6:1-7

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Ivyak. 2:42-47; 1 Ab'l Kor 12:12-28; Abah 10:25; Abany. 2:19-21; 4:14-16)

# UMUCO W'ISI

*Erekana umuco wa Kristo*

Igice ca  
4-9

Mat 5:11-16

## Iciyumviro nyamukuru

Nk'abigishwa ba Yesu dutegerezwa kuba dufise akaranga kiwe. Mukubaho kwacu, dukwiye kwerekana Kristo mu b'isi.

Umurongo w'urufatiro: Ababibonye babadondera ivy'uwari yinjijwemwo n'abadayimoni n'ingurube. (Mat. 5:16)

## Igisomwa- Mat 5:11-16

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Yoh 1:7; 2:10; 2 Ab'i Kor 4:5; Mat. 5-7)

# IBIHE BIDASHIRA

*Kubana n'Imana ibihe bidashira/ kuba mu gihano ibihe bidashira*

Igice ca  
4-10

Luk 16:19-31

## Iciyumviro nyamukuru

Inyuma y'urupfu rw'umubiri, umuntu abandanya kubaho. Abantu bose bazerekana ivyo bakoze imbere y'Imana. Abakoze neza bazobana na Yesu ibihe bidashira. abatizeye, bazoba mu gihano ibihe bidashira.

Umurongo w'urufatiro: Ntimutangazwe n'ico, kukw'igihe kija kuza, ah'abari mu mva bose bazokwumvira ijwi ryawe, bakazivamwo; abakoze ivyiza bakazukira ubugingo, abakoze ibibi, bakazukira gucirwakw'iteka. (Yoh.5:28-29)

## Igisomwa- Luk 16:19-31

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Ab'i Tes 4:13-14; Abar 6:20-23; Mat. 19: 16-26; 25:45-46)

# GUCA AMATEKA

Yesu azocira abantu bose urubanza

Yoh. 5:21-30

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yaje kw'isi kugira ngo habe imigenderanire myiza hagati y'Imana n'abantu. Azogaruka kw'isi gusangangura ibikorwa vy'umugwanizi no guca amateka. Azokwagiriza abatamwizeye bose, ahe impera abagororotsi.

Umurongo w'urufatiro: Kuk'Umwami wacu ubwiwe azoza avuye mw'ijuru, aranguruye ijwi rirenga hamwe n'akamo k'umumarayika mukuru, n'inzamba y'Imana. Maz'abapfiriye muri Kristo nibo bazobanza kuzuka; maze natwe abazoba bakiriho, dusigaye, tuzoca duteruranwa na bo mu bicu, dusanganire Umwami mu kirere. Niho tuzokwama tubana n'Umwani. Nuko mwiruranishe ayo majambo. (1 Ab'i Tes 4:16-18)

## Igisomwa- Yoh. 5:21-30

### Iyindi mirongo: Gututurira

(Ivyah. 20:11-15; Mark 9: 41-48; 2 Ab'l Kor 5:10; 1 Ab'l Kor 3: 11-15)

# INGABURO YERA

Akamaro ko kwibuka urupfu rwa Kristo kubw'ivyaha vyacu

1 Kor 11:17-26

## Iciyumviro nyamukuru

Yesu yigishije abigishwa biwe kwama bagira ingaburo yera nk'ikimenyetso co kwibuka ikimazi Yesu yatanze kubw'ivyaha vyacu.

Umurongo w'urufatiro: Yabir'umutsima awushimir'Imana, arawumanyagura, arawubaha, arababwira at'Uyu n'umubiri wanje ubatangiwe: murakore murtya kugira ngo kibe icibutso canje. N'igikombe akigenz'artyo bahejeje kurya, arababwira, at'Iki gikombe n'isezerano risha ryo mu maraso yanje, abaviriye. (Luk 22:19-20)

## Igisomwa- 1 Kor 11:17-26

### Iyindi mirongo: Gututurira

(1 Ab'l Kor 11:17-34; Luk 22:7-38; Yoh 6:47-58; Ivyah. 19:9)





# Umuhamagaro wo KWAMA IMBUTO NO KUGWIRA

Mu kurema, Imana yaremeye ibifise ubugingo vyose. Ifise ishaka ry'uko vyorondoka bikagwira. Bibiliya ivuga ko ibifise ubugingo vyose birondoka, nk'uko amoka yavyo ari. Igihe Imana yarema umuntu, yaramuhezagiye ngo avyare arondoke. Imana yarabahezagiye, irababarira, iti Ni muvyare murondoke mwuzure isi. (Ita 1:27-28). Ubwambire twaremwe n'Imana ngo turondoke, tugwire, twuzure isi. Mu myaka 6000, ubwoko b'abantu bwari bumaze gushitsa iri tegeko ryo kwuzura isi. Igihe Yesu yagendagenda kw'isi, yavuze ko abantu bakwiye kumenya ukuyyarwa ubwa kabiri ico ari co, nokwongera kuvuka mu buryo bw'Impwemu. Uko bigenda kwose Yesu yavuze ko bidashoboka k'umuntu yinjira mu bwami bw'Imana atabanje kuvuka ubwa kabiri. Yesu aramwishura, ati "N'ukuri n'ukuri ndakubwire: Iy'umuntu atavyawe n'amazi na Mpwemu, ntashobara kwinjira mu bwami bw'Imana. Ikiviyawe n'umubiri na co n'umubiri; ikiviyawe na Mpwemu na co ni Mpwemu." (Yoh 3:5-6).

Kristo yaduhamagariye ubugingo busha. Ubwo bugingo busha bwavyawe na Mpwemu Yera. Tumenya ukuvuka ubwa kabiri kwacu tubatijwe mu mazi. Itegeko ry'Imana ryo kwa imbuto no kurwira, rikoresha mu kuvyarwa ubwakabiri na Mpwemu Yera .. Ubugingo bwacu busha muri Kristo, n'uko twagiriwe ubuntu duhabwa itegeko ryo kurondoka mu buryo bw'Impwemu mu kubaho kwacu. Yesu arabegera, arababwira, ati "Jewe nahawe ububasha bwose mw'ijuru no mw'isi. N'uko ni mugende muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana niry' Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndikumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi." (Mat 28;18-20)

Twahamagariwe kugira abandi intumwa no kubabatiza kugira ngo babe abo mu bwami bw'Imana. Twahamagariwe kubaho ubuzima bw'Impwemu bwama imbuto buzotuma tuvuka ubwakabiri. Tukarwira mu kwama imbuto no mukubera abandi akarorero k'urukurikirane mu guhindura abandi intumwa. Ico ni co gikorwa nyamukuru c'Abigishwa ba Yesu Kristo. Ibarongora mu buzima bw'impwemu bwama imbuto kandi bakabishira mu ngiro. "Kuko mwavyawe ubwa kabiri, mutavyawe n'imbuto ibora, ariko mwavyawe n'imbuto itabora, mubihejwe n'ijambo ry'Imana ririho rigahoraho." (1Pet 1:23)

Imana iguhezagire vyukuri hamwe no kwama imbuto mu buryo butangaje no kugwira mu kuvuka ubwa kabiri mu bugingo bwawe no mugikorwa cawe. Tubone ko iyi si yuzuye abavutse ubwa kabiri binjira mu bwami bw'Imana.

Inzu Yose Ibe Iya Kristo mu Burundi  
(EHC Burundi)  
Mobil 79 992292  
B.P 7425 Bujumbura- Burundi  
Email-ehcburundi2009@gmail.com

Abakorana n'ishirahamwe inzu yose ibe iya  
Kristo mu Burundi



Every Home for Christ International  
P.O. Box 64000, Colorado Springs, CO 80962-4000  
www.iBFAM.org  
Version 4.0